ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№137 (24.107) ● 2020 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 17, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Республикэм лэжьэн щыщIидзащ щIыналъэм щыIэ Iуэхухэр зэкIэлъыгъэкIуэнымкIэ центрым

Налшык къалэм дыгуасэ лажьэн щыщIидзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм къалыкъуэкI Iуэхухэр зэкIэлъыгъэкIуэным хуэгъэпса центрым. Апхуэдэ центрхэр къэрал псом къыщызэрагъэпэщ, лажьэу щызэтраухуэ Урысейм и Президент Путин Владимир пщэрылъ зэращIам ипкъ иткIэ.

АР IУЭХУ куэд щызэрагъэуIу Iэнатlэщ, КЪБР-м щыпсэухэм портал, социальнэ сеть, сайт зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпурэ Iуэхущ1ам1э, къэрал къулыкъущIапIэ зэхуэмыдэхэм зэрызыхуагъазэхэр зэхуэхьесыныр, хъэпщытэнрыр, абыхэм хэпIъэныр, ятпэджжэныр и пщэ дэлъу.

Iуэхущ1ам1э и къалэн нэхъыщхьэр щIыналъэм щыпсэухэм къабгъэдэкI хъыбархэм зэгъэзыуауэ хэпIъэныр, Псом ятпрауэ, зэлэжьхэм хохьэ щыIэ гугуехьхэр къэгъэнэIуэнр, ахэр къызыхэкIа щхьэусыгъуэхэр зэпкъхьныр, хуэфащэ унафэ тещIыхьныр, иужькIэ апхуэдэ ныкъусаныгъэхэр къэмыхъужьын хуэдэу.

КъалIэрыхьа хъыбархэр хуагъэхь абыхэм унафэ ятещIыхьныр икIи хэкIыпIэ къахуэгъуэтныр зи къалэнхэм. Абы къыдэкIуэуи цIыхухэр щIэх-щIэхыурэ зыщIэупщIэжэр, зытепсэлъыхьэр къагъэнаIуэ, гугъуехь нэхъыбэ здэщIыIэ щIыпIэхэр къахутэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ зэхуэхьеса хъыбархэр я лъабжьэу зэхагъэувэ «щIыналъэм и карта щхъуэкIапIыкIэ» жьхуаIэм хуэдэ. Апхуэдэ Iэмалыр къощхьэпэ республикэм и къэрал властым и органхэм я лжьэкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ, абыхэм я къалэнхэр нэсу ягъэззэщIынымкIэ. ЩытыкIэр зыхуэдэр наIуэ къэхъуа нэужь ар лъабжьэ хуащIынуц щIыналъэм и социально-экономикэ лэжьыгъэр унэтIыным.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Жьы дыдэ хъуа псэупIэхэм цIыхур къыщIэгъэIэпхъукIыным нэхъ хуэхьэзыр щIыналъибгъум ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр

Ущыпсэуну къемызэгъыж, уеблэмэ шынагъуэ хъуа унэхэм цIыхухэр къыщIэгъэпхъукIыным яужь нэхъ пасэу ихьэным Урысейм щыхуэхьэзырщ щIыналъибгъу, - «Урысей зэкъуэт» партым иригъэкIуэкIа селектор зэIущIэм апхуэдэу щыжиIащ УФ-м ухуэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Егоров Максим.

«А IУЭХУМ теухуа программэр псынщIэ дыдэу ягъэзащIэ, ауэ нэхъри щIэпкъуэгъэпхъукIыным ящыщ пасэу ихьэным Урысейм щыхуэхьэзырщ щIыналъибгъу, - «Урысей зэкъуэт» партым иригъэкIуэкIа селектор зэIущIэм апхуэдэу щыжиIащ УФ-м ухуэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Егоров Максим.

«А IУЭХУМ теухуа программэр псынщIэ дыдэу ягъэзащIэ, ауэ нэхъри щIэпкъуэгъэпхъукIыным нэхъ пасэу ихьэным Урысейм щыхуэхьэзырщ щIыналъибгъу, - «Урысей зэкъуэт» партым иригъэкIуэкIа селектор зэIущIэм апхуэдэу щыжиIащ УФ-м ухуэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Егоров Максим.

«Сом мелуан 50 зэрытрагуэшам Iэмал къытынущ 2022 гъэм и мэкъуэгуэрым и 1-м ирихьэлIэу метр зэбгъуэзнатIэ зы мелуанрэ мини 160-м щыпсэухэр гъэIэпхъуэнымкIэ. Абы къыкIыращи, жьы дыдэ хъуа унэхэм щIэсхэр псэупIэ тыншхэм зы илъэс, илъэсрэ ныкъуэкIэ нэхъ пасэу Iэпхъуэжьыфынущ», - къыхигъэщащ Егоров Максим.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ам1э.

Аращ зэреджэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курыт щIэныгъэ щызэрагъэгъуэту ит Iуэхущ1ам1эхэр зыхэша хъуа, 6 - 11-нэ классхэм щIэс еджакIуэхэм нэхъ пасэу Iэщ1агъэ къыхэхыным хуэгъэпса урысейпсо проектым. Абы ипкъ иткIэ ди щIыналъэм къыщызэрагъэпэща Iэщ1агъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэм хьыбащ еджакIуэ ныбжьыщIэ минитхум щIигъу. ЩIэупщIэ зыгъуэта Iуэхугъуэр, и фIэщыгъэм хьыззэрыхэщщи, зыхуэгъэзар къыдэкIуэтей щIэблэр Iэщ1агъэ къыхэхыным ехьэлIауэ щIыпIэхэм, бгъэдыхьэкIэхэм щыгъэгъуэзэнырщ, абыхэм есэныгъэ пыухыкIахэр яБгъэдэлъхьэнырщ.

МЫхЬЭНЭщIХУЭ зиIэ проектыр гъэззэщ1а хъуным и нэIэ трегъэт «Iэщ1агъэлI ныбжьыщIэхэр» («World-Skills Russia») урысейпсо зэгъуэныгъэм, абы хуэгъэзэуэ пщэрылъ зыщIыжхэри «ЩIэныгъэ» лъэпкъ проектым зыхуэгъэувыжа къалэнхэм кIуIаеэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым мы Iуэхугъуэм и щыпэхьхьэщ. Мы гъэм ар йокIуэкI шыщхьэуIу мазэм щегъэжьауэ щэкIуэгъуэ мазэ пщIондэ. Проектыр зыхуэят хуэззу зэфIэха хъун папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и унафэкIэ ар иджырей техникэм и жьипхъэм и Iэмэпсымэ ехьэжьахэмкIэ къызэгъэпэща курыт еджапIипщIым щрагъэкIуэкI.

«Пщэдейм хуэкIуэ гъуэгу» проектым зыщигъэлъэгъуэнри хэтыныр хуитщ 6 - 11-нэ классхэм щIэс дэтхэнэри. Абы щхьэкIэ и адэанэм я зыхьэзыр и Iуфэу абы зыщитхын хуейщ bilet.worldskills.ru сайтым. И цIэмрэ и унагъуэцIэмрэ сайтым иритха нэужь, еджакIуэм лъэбакъуищ ичиныгъэпщIылъ: къыхихыну Iэщ1агъэм ехьэлIа упщIэжэм жэуап иритыну, Iэщ1агъэмкIэ екIуэкI хэдэрыхэлIъхьэм зыщигъэлъэгъуэну, Iэщ1агъэм ехьэлIа уэ кърат чэнджэщхэм зыщигъэгъуэзэну. Проектым хьIхьэпщIэ иIэкъым.

Ялэ бэкъуэгъуэр зыча ныбжьыщIэхэм тест минихрэ ныкъуэ хуэдиз ящIэкIащ. КъызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, тестхэр хуэунэхьащ еджакIуэм къыхэхыным хуэгъэпса урысейпсо проектым. Абы ипкъ иткIэ ди щIыналъэм къыщызэрагъэпэща Iэщ1агъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэм хьыбащ еджакIуэ ныбжьыщIэ минитхум щIигъу. ЩIэупщIэ зыгъуэта Iуэхугъуэр, и фIэщыгъэм къызэрыхэщщи, зыхуэгъэзар къыдэкIуэтей щIэблэр Iэщ1агъэ къыхэхыным ехьэлIауэ щIыпIэхэм, бгъэдыхьэкIэхэм щыгъэгъуэзэнырщ, абыхэм есэныгъэ пыухыкIахэр яБгъэдэлъхьэнырщ.

«ПщIэдейм хуэкIуэ гъуэгу» проектым зыщигъэлъэгъуэнри хэтыныр хуитщ 6 - 11-нэ классхэм щIэс дэтхэнэри. Абы щхьэкIэ и адэанэм я зыхьэзыр и Iуфэу абы зыщитхын хуейщ bilet.worldskills.ru сайтым. И цIэмрэ и унагъуэцIэмрэ сайтым иритха нэужь, еджакIуэм лъэбакъуищ ичиныгъэпщIылъ: къыхихыну Iэщ1агъэм ехьэлIа упщIэжэм жэуап иритыну, Iэщ1агъэмкIэ екIуэкI хэдэрыхэлIъхьэм зыщигъэлъэгъуэну, Iэщ1агъэм ехьэлIа уэ кърат чэнджэщхэм зыщигъэгъуэзэну. Проектым хьIхьэпщIэ иIэкъым.

Ялэ бэкъуэгъуэр зыча ныбжьыщIэхэм тест минихрэ ныкъуэ хуэдиз ящIэкIащ. КъызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, тестхэр хуэунэхьащ еджакIуэм къыхэхыным Iэщ1агъэм зэрыхуэхьэзырыр нахуэ щIыным, абы теухуауэ иIэ щIыпIэ есэныгъэхэр къыщIэгъэщIыным. Проектым и онлайн-утыкум тест щэ ныкъуэм щIигъу иIыщ. Къыхэгъэщ1ын хуейщ а тестхэм зи уэзыншагъэкIэ хуэмышIэ сабийхэм жэуап зрат хъунухэри зэрыхэтыр. ЕджакIуэм тест нэхъыбэ ящIыжхьу, упщIэ нэхъыбэм я жэуап итыжьхуэ лэжьыгъэр щигъэзащIэ купсэм (системэм) абы и зэфIэкIкIэ здынэсыр, къыхихуа IэнатIэм зэрыхуэхьэзырыр нэхъ зэхэхауэ и пащхьэ ящрелъхьэ.

ЕтIуанэ лъэбакъуэр зычхэм ялэжь лэжьыгъэр зымащIэкIи нэхъ кIащхъэ хъуркъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджакIуэхэр къыхаха Iэщ1агъэмкIэ ирагъэкIуэкI хэдэрыхэлIъхьэ 250-м щIигъум хэтащ. ХэдэрыхэлIъхьэр зыхуэунэтIар еджакIуэхэм унэтIакIуэхэр къащхьэщыту лэжьыгъэ пыухыкIахэр зэрагъэзащIэм елIъныкIыр, есэныгъэ яБгъэдэлъхьэр зыхуэдизыр къэлъытэныкIыр.

Ещанэ лъэбакъуэр зыча ныбжьыщIэхэм кIыхаха Iэщ1агъэм хуэзыунэтI икIи тезыгъэгушхуэ чэнджэщхэм зыщагъэгъуэзэ. Мыбы къэсахэр зэреджэ программэхэр уней планым зэрыхуагъэкIуэнымкIэ дэIэпыкIуэгъу яхуохъури, Iэщ1агъэу кIыхаха епха дерсхэм гулъытэ нэхъыбэ хуэзэых, абыкIэ яБгъэдэлъхьэхэр щIэныгъэр нэхъ куу зыщI лэжьыгъэхэр нэхъ щIагъэхабжь.

Мы псом ищIыкIыгъэ жыIэпхъэщ «Iэщ1агъэлI ныбжьыщIэхэр» зэгухьэныгъэм («WorldSkills Russia») VII урысейпсо чемпионатым къриубыдэу «ПщIэдейм хуэкIуэ гъуэгу» зэхъэзэхуэщхуэ зэрыригъэкIуэкIыным. Абы хэтыну хуейхэм Iэмал яIэщ щэкIуэгъуэм и 23 пщIондэ къызэгъэпэщакIуэхэм хуэбыар иратыну.

Зи гугъу тщIы Iуэхугъуэм программэ шэщIа иIэщ. Псом ятпэмкI пащIэ, абы хьхьэну ныбжьыщIэхэм я зэрыгъэкIыр здынэсыр Iэщ1агъэ зэмылIэужьыгъуэ бгъущIым щIигъум щагъэльэгъуэфынущ. Зэхьэзэхуэр екIуэкIынущ пIудзэуи онлайн Iэмалхэми тету.

Зэхьэзэхуэм къызэщIубыдэ Iуэхугъуэхэр унэтIыныгъитIкIэ екIуэкIынущ - онлайн try-a-skill жьхуиIэмрэ Iэщ1агъэрыгъуазэ дерсу. Абы къищынэмыщIауэ, еджакIуэхэм Iэмал ялэнущ Iэщ1агъэ зэмылIэужьыгъуиплIым я хэдэрыхэлIъхэм хэтыну.

Онлайн try-a-skill жьпхъэм ит дерсхэр теухуащ ныбжьыщIэхэм ящыщу гукъыдэж зиIэ дэтхэнэми лэжьыгъэ пыухыкIахэр зыIэрагъэхьэу унэтIакIуэр къыщыхъущту, абы игъэгъуазэу ар зэрызэфIихьынум. Iэщ1агъэрыгъазэмкIэ дерсхэр щекIуэкIынущ Урысейм и щIыналъэхэращ, зэхъэнэми и экономикэм зиужьынымкIэ мыхьэнэ зиIэ Iэщ1агъэ 44-мкIи къызэрагъэпэщынущ.

А псом я Iэтащхьэ1ыIэжу 6 - 11-нэ классхэм щIэс еджакIуэхэм Iэмал ялэнущ Iэщ1агъэ щызрагъэгъуэт еджанIэхэми щекIуэкIыну гъэлъэгъуэныгъэхэм хьхьэну. Ар, псалъэм ящIыдэкIуэу жьытIэнщи, Iэщ1агъэ 26-мкIэ къызэрагъэпэщ хэдэрыхэлIъэу щытынущ, и кIэм кърикIуэм елъытауэ къыхэжаныкIым къыхиха IэнатIэмкIэ лэжьыгъэ игъэуту.

ШУРДЫМ Динэ.

Налшык къалэм и гъунэгъу жылэм гъэзэгр щызэрагъэпэщыж

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпащэ автомобиль гъэзэгухэр зыхуей хуэгъэззэным теухуа лэжьыгъэшхуэм.

«ФIАГЪ лъагэ зиIэ автомобиль гъэзэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектыр ягъэзащIэкIэрэ, Белая Речкэ и кьуажэм и кIэм щыпагъэблагъащ километри 7,3-рэ хъу автомобиль гъэзэгр зэгъэзэщIыжынырэ. Абы тралъхьащ асфальтрэ бетону зэхэлъ щхьэфэр, лъэс зекIуапIэхэр яукъуэдиижащ, гъэзэгу Iуфэхэм гъущIым къыхэщIыкIа къэухьхэр щагъэуващ, цIыхухэр транспорт щIыпэплъэкIэ зыщIыхьэ хъуну щIэзвапIэхэр щIын щаухащ, гъэзэгу зэхэкIыпIэхэр зыхуей щIыхуагъэзащ. Апхуэдэуи зэгъэпэщыжынырэ лэжьыгъэхэм храгъэубыдэнущ Ботаническэ хадэм хуэзэ щIыпIэри.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ам1э.

● ЗэIущIэхэр

КIэрыхубжьэрыхухэр зэщIэкъуэным теухуауэ

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэIущIэр иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ видеоконференц мардэм тету. Абы депутатхэр щедэIуащ кIэрыхубжьэрыхуэхэм елэжь «Экологистика» щIыналъэ операторым зэфIигъэкIам.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КЪБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэмкlэ и министр **Бэрбэч Алимрэ** КЪБР-м Тарифхэмрэ псэупIэ кIалъэлIплъыныгъэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Мэкъуашэ Алимрэ**.

«Экологистика» Iуэхущ1апIэм и лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрегъэпэщ 2019 гъэм щыщышылэм и 1-м щегъэжьауэ. Абы и къалэнхэм хохьэ кIэрыхубжьэрыхуэхэр зэщIэкъуэныр, дэшыныр, гъэсеижьныр.

«Экологистика»-м и унафэщI **Джэдгъавэ Заурбэч** тепсэлъыхьащ я Iуэхутхьэбзэхэр щызэфIагъэкI щIыпIэхэр зыхуэдэм, уасэхэр зэрагъэувым, кIэрыхубжьэрыхуэхэр гъэкъэбзэным ехьэлIауэ къыхалъхьа зэхъуэкIныныгъэхэм я мыхьэнэм, нэгъуэщIхэми. Коммунальнэ Iэнатlэм и кIэрыхубжьэрыхуэхэр дэшыным хуагъэува пщIэр зэхуэдэкъым: фэтэр куэду зэхэт унэхэм щыпсэухэр къапщтэмэ, зы цIыхум хуэззу мазэм итын хуейр сом 60,77-м къыщыщIэдзауэ сом 67,68-м нэсу щытщ, щIапIэ зиIэхэм я дежкIэ уасэр сом 64,43-м къыщыщIэдзауэ 71,75-м нос.

Къэбэрдей-Балъкъэрым кIэрыхубжьэрыхуэхэр щыщIапIэ щIыпIэу тIу иIэщ, илъэсым хуейр сом 60,77-м къыщыщIэдзауэ сом 67,68-м нэсу щытщ, щIапIэ зиIэхэм я дежкIэ уасэр сом 64,43-м къыщыщIэдзауэ 71,75-м нос.

«Аруан» полигоным кIэрыхубжьэрыхуэр щызэхадз линэу тIу иIэщ, илъэсым хуриубыдэу тонн мини 150-м елэжьу. Щ1ыналъэ операторым и мурадщ иджыри апхуэдэ линитI игъэувыну. КъищынэмыщIауэ, Iуэхущ1апIэм пIалъэ кIыхьым тещIыхьауэ бэджэнду къищтащ кIэрыхубжьэрыхуэхэр къызэрыдаш машинэ 24-рэ.

Бахъэсэн къалэ округым щагъэуващ кIэрыхубжьэрыхуу илъэсым тонн мин 50-м нэс зэхэзыдзыфыну линэ, ауэ абы иджыри лэжьэн щIидзакъым.

Джэдгъавэм къыхигъэщащ Iуэхущ1апIэм и гугъуехьэр нэхъыбэу я Iуэхутхьэбзэхэм пкIуэ уасэр тэмэму цIыхухэм къызэрамытым зэрепхар.

- КЪБР-м Тарифхэмрэ псэупIэ кIалъэлIплъыныгъэмкIэ и къэрал комитетым игъэбелджыла уасэр къэралым щынэхъ мащIэ дыдэхэм ящыщми, республикэм процент 55,17-рэ къудейщ къыщыхэкIыр, - жиIащ абы.

КъищынэмыщIауэ, гугъуехьэхэм ящыщу Джэдгъавэм кьиргъэлъэгъуащ кIэрыхубжьэрыхуэхэр зрадзэ ашыкхэмкIэ жьлэжэр иригъэкъуу къыззрызэмыгъэпэщащ. Апхуэдэ гугъуехьэм хэтщ фэтэр куэду зэхэт унэхэри. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, щIыналъэ операторым и къалэнхэм хьыхьэркъым цIыхухэр, Iуэхущ1апIэхэр контейнерхэмкIэ къызэрагъэпэщащ. Апхуэдэ гугъуехьэм зэрызэрамыхьэмрэщ.

Егоровэм къыхигъэщащ кIэрыхубжьэрыхуэр зэрызэхадзым, «Аруан» полигоным и щIыпIэм и щIыпкIэм епха гугъуехьэхэм гулъытэ хэха зэрыхуащIыпхэр, абы и лъэныкъуэкIэ нэгъуэщI щIыналъэхэр зэрылажьэм зэрыкIэлъыплъыпхъэр.

- Хуэныгъэ Iуэхум ехьэлIа кIэрыхубжьэрыхуэр дэшыным, пщIэ хэха хуагъэувмэ, евэлIэфыну «Экологистика»-р? ЦIыхухэм лэжьыгъэхэр, транспортыр пщIэкIэ къащтэри, ахэр драгъэш, ауэ апхуэдэ кIэрыхубжьэрыхуэр здашэр гурыIуэгъуэкъым, - къыхигъащащ Егоровэ Татьянэ.

Джэдгъавэм жиIащ «Аруан» полигоным зрагъэубгъуну зэрамурадыр, къапщтэмэ, дыгъэгъазэм икуэм а Iуэхум теухуа дэфтэр псори зэхъэш зэрыхъунур.

КIэрыхубжьэрыхуэр зэхэдзауэ къыхэшыным и гугъу щIыщIым, къэпсэлъам жиIащ гугъуехь зыбжанэ зэрыщIэр, псом хуэмыдэу абы щхьэкIэ контейнер мини 7-м щIигъу зэгъэпэщын зэрыхуейр.

КЪБР-м Тарифхэмрэ псэупIэ кIалъэлIплъыныгъэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Мэкъуашэ Алим** уасэхэм къыщытеувыIэм жиIащ республикэм щагъэувар къэралым щынэхъ мащIэ дыдэхэм зэращыщыр икIи щапхъэу къихьащ Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэм къыщыкIыжьыгъ тарифхэр. Апхуэдэуи абы дыщIигъащ Урысейм и ФАС-мрэ КЪБР-м и прокуратурэмрэ 2020 гъэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм я лжьыгъэм ныкъуаныгъэ хэлъу къызэримыгъэльэгъуар.

КЪБР-м и Парламентым Жылагъуэ щынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэныныкIэ и комитетым и унафэщI **Кривко Михаил** Прохладнэ районым щыпсэухэм къабгъэдэкIыу: «Экологистика»-м и унафэщIым зыхуигъэзащ я гугъуехьэм гулъытэ хуищIыну. Депутатхэм зэрызыхуагъэзамрэ социальнэ сетхэм щатхымрэ щыхьэт тохъуэ прохладнэдэсхэм полигоныр ягъунэгъуу щытми, кIэрыхубжьэрыхуэр щIэхьэрыр зэрыдамышым къыхэкIыу ар зэрыщызэтрихьэр, къабзагъэм и мардэхэр къызэпыуда зэрыхуэр. Депутатым жиIащ щIыналъэ операторым я гугъуехьэхэр зэман гъунэгъуэм зэфIигъэкIыну зэрыщыгугъыр.

ЗэIущIэм щыжиIар кIыщызэщIакъуэжьым лэжьыгъэ пыухыкIахэр я Iуфэм. Псом хуэмыдэу къагъэльэгъащ кIэрыхубжьэрыхуэхэм папщIэ контейнерхэр къыщэхъунымкIэ ахъшэ зэрыхуэхьыну Iэмалхэм хэпIъэну, хабзэм къемызэгъыну пхъэнкIий идзыпIэ ящ щIыпIэхэр къэзыхутэ комиссэхэм я лэжьыгъэр нэхъ жьыджэру къызэрагъэпэщыну, къабзагъэм ехьа мардзэр къэльытауэ кIэрыхубжьэрыхуэр щрадз щIыпIэхэм кIэльыплъыну, нэгъуэщIхэри.

КЪБР-м и Парламентым и комитетхэм пщэрыльэ щащIащ кIэрыхубжьэрыхуэр жэщым дэшыным теухуауэ «Экологистика»-м къыхихьа зэхъуэкIныныгъэхэр законодательствэм зэрыхалъхьэну щыкIэм егупсысыну.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1ам1э.

Нобэрэ пщэдейрэ

ЩэкIуэгъуэм и 17, гъубж

♦Студентхэм я дунейпсо махуэщ

♦Сабий мылъхуэсхэм я дунейпсо махуэщ

♦Урысейм щагъэлъапIэ

♦Уполномоченнэ участкобзэхэм я махуэр

♦Азербайджаным и гуфIэгъуэщ - ящIэнкъ къэщIэрэщIэжьныгъэм и махуэр ягъэлъапIэ

♦Армением щагъэлъапIэ дзэ-медицинэ лэжьакIуэм и махуэр

♦Къыргызыз кином и махуэщ

♦Чехиемрэ Словакиемрэ ягъэлъапIэ хуитныныгъэмрэ демократиемрэ щIэбзыным я махуэр

♦1757 гъэм Сенатым унафэ кьищтащ Петербург къалэм Императорым ХудожествэхэмкIэ и академиеу (иджыпсту Урысейм Художествэхэмкlэ и академиещ) къыщызэгъэпэщыным теухуауэ.

♦1800 гъэм США-м и Конгрессыр япэ дыдэу Вашингтон щызэхуэсащ.

♦1855 гъэм Шотландием щыщ Ливингстон Давид Африкэм псыкъелъэ абрагъуэ зэрыщыIэр хьихутащ икIи а зэманым Инджылызым и пащтыхь гуащэу щыта Викторие и цIэр абы фIищащ.

♦1869 гъэм Суэцкэ кIэнаеэм (Мысыр) кхъухьэр щызекIуэу хуежьащ.

♦1920 гъэм Бгырыс АССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦1948 гъэм Санкт-Петербург деж, афIэкIа псым иритемыхьэну, щагъэуващ «Аврора» кхъухь цIэрыIуэр.

♦1970 гъэм «Луна-17» автоматическэ станцым Мазэм тригъэуващ «Луноход-1» езырызекIуэ аппаратыр.

♦1978 гъэм СССР-м хэIущIыIу ищIащ нейтроннэ бомбэм и лъэщагъэр къызэрипщытам теухуа хъыбарыр.

♦1988 гъэм муслъымэн къэралыгъэхэм апхуэдэ зэи къыщымыкIуэну, Пакистаным и премьер-министру хахащ бзылъхугъэ - Бхуттэ Беназир.

♦1991 гъэм Македоние Республикэм и конституцэ къащтащ. Абы ипкъ иткIэ ар зи щхьэ и унафэ зыщIыж къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦Совет кинорежиссёр цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист, Сталиным и цIэр зезыхьэу щыта саугъэтыр хэнейр зрата **Пырьев Иван** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Комментатор цIэрыIуэ, актёр, Куржьм и цIыхубэ артист **Махарадзе Котэ** (Константин) къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Урысей журналист, тхакIуэ цIэрыIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Овчинников Всеволод** и ныбжьыр илъэс 94-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 18, бэрэжьей

♦Географие хъыбарегъащIэ системэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Латвием и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ

♦1699 гъэм Пётр Езанэм къыдигъэкIащ дэтхэнэ цIыху щхьэхуитми дзэм къулыкъу щищIыну Iэмал зэрыратым теухуа унафэ.

♦1775 гъэм Урысейм и гуэшыкIэщIэм теухуа унафэ къыдэкIащ - ар щIыналъэ 50-у гуэша хъуат.

♦1842 гъэм Урысейм и император Николай Езанэм IэщIидзащ Нева псым япэ лъэмыжыр телъхьэным теухуа унафэм.

♦1866 гъэм Къэбэрдеим мэкъумэшыщIэхэр пщылIыпIэм щрагъэкIащ.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, политик цIэрыIуэ, 1956 - 1985 гъэхэм КЪБР-м и унафэщIу щыта **Мэлбахъуэ Тимборэ** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Совет футболист икIи гъэсакIуэ, СССР-м щыхь зиIэ и тренер **Бесков Константин** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Кинорежиссёр цIэрыIуэ, сценарийкэр зыгъэзыщта, СССР-м и щхьэхуитI артист **Рязанов Эльдар** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КЪБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лжьакIуэ **Тыгъуэн Рашад** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Журналист, тхакIуэ, АР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лжьакIуэ **Багъ Нурбий** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Композитор, АР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лжьакIуэ **Натхъуэ Жанхъуэт** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м, АР-м, КЪБР-м, КЪШР-м я цIыхубэ артист, Абхъаз Республикэм щIыхь зиIэ и артист, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Нэхей Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦УФ-м и ХъуманIэ банкым и Iуэхущ1апIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщIу щыта, УФ-м щIыхь зиIэ и экономист **Урысый Хьэмидбий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Урысей биатлонист, дуней псом щэнэфрэ и чемпион хъуа, Олимп Джэгуэм дыжьын, домбеякъ медалэкIэ къыщызыхьа **Черезов Иван** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

♦Урысей спортсменкэ щIэрыIуэ, 2008 гъэм Пекин щекIуэкIа XXIX Олимп Джэгуэм псы есын спорт лIэужьыгъуэмкIэ я чемпионкэ хъуа, дуней псом енейрэ и чемпионкэ **Ильченкэ Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 32-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Мариинэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зил къыпщIэмыуэзым уи уз хуумыIуатэ.

● ЕхъулIэныгъэхэр

Ежевский Александр и цIэр зезыхьэ саугъэтым и лауреат Гъубжокъуэ Мурат

Техникэмрэ машинэ пкъыгъуэхэмрэ къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщу, Урысейм Промышленностымрэ сату IуэхухэмкIэ и министерствэм диIыгъуа, Ежевский Александр и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ саугъэтыр иджыблагъэ хуагъэфэщащ КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ещанэ курсым щеджэ Гъубжокъуэ Мурат. Пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ жыгхэм псы хущхъуэ зэхэщIар зэрытраутхэ Iэмэпсымэр егъэфIэкIуэнымкIэ къэхутэныгъэ хъарзынэ езыгъэкIуэкIа адыгэ щIалэщIэм и лэжьыгъэм дуней псом щыцIэрыIуэ IэщIагъэлIхэм гулъытэшхуэ къыхуащIащ, пщIэи игъуэтащ.

КУЭДКIЭ узыщызыгъэгугъ, щIэныгъэ хэлъэт зиIэ инженер-ухуакIуэ ныбжьыщIэм и унэтIакIуэр техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым IуэхущIапIэхэр техникэрэ энергокъарукIэ къызэгъэпэщынымрэ къызэфIэгъэувэнымкIэ и къудамэм и унафэщI ШэджыхьэщIэ Юрэщ. Гъубжокъуэм зэхьэзэхуэ утыкум кърилъхьэ и къэхутэныгъэр зытеухуа Iэмэпсымэм и фIагъырэ и къэгъэсэбэпыкIэ хъунумрэ ехьэлIауэ еплъа къэпщытакIуэ гупым лэжьыгъэр гунэс ящыхъуам къыщымынэу, абы техникэ IэнатIэм хэлъ щыщIэныгъэ зыкъом игъэкIуэдыну лъэкIыныгъэ зэриIэр къыхагъэщащ. ЖыIэн хуейщ, къэпщытакIуэ гупым хэтар Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, егъэфIэкIуэн хуейм мыбзаджэу щыгъуазэ защIэу зэрыщытыр. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, мэкъумэш IэнатIэм щызэрахьэ техникэр зыщI IуэхущIапIэхэм, техникэмрэ машинэ пкъыгъуэхэмрэ къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм я IэщIагъэлIхэр, Урысейм автомашинэхэмрэ автомоторхэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и щIэныгъэлIхэр, Промышленностымрэ сату IуэхухэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэр, унэтIыныгъэ хэха зиIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм Iутхэр.

Зэхьэзэхуэм хэтащ мэкъумэш IэнатIэхэм щызэрахьэ техникэм и пкъыгъуэхэр къыщIэгъэкIыным икIи егъэфIэкIуэным теухуауэ щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм етIуанэ-ещанэ курсхэм щIэс я студентхэр, бакалавриат программэм тету щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтхэр, магистратурэм нэсахэр. Хэгъэгум къыщыщIагъэкI техникэм и пкъыгъуэхэр егъэфIэкIуэным, зегъэужьыным икIи дунейпсо утыку ихьэным хуэгъэзам къыщымынэу, IэнатIэр къыхэзыха щIалэгъуалэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуным, зи щIэныгъэрэ зэфIэкIкIэ къыхэщ ныбжьыщIэхэр гъэгушхуэным, ахэр техникэ щIэныгъэм хэшэным, я IэщIагъэм нэхъри хэгъэхъуэным, еджапIэхэмрэ техникэр къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэмрэ я зэпыщIэныгъэм зегъэубгъуным хуэунэтIащ Лъэпкъ саугъэтыр, къыщIызэрагъэпэщами а псор зэхуэдэу и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэуи жыпIэ хъунущ.

Мэкъумэш техникэмрэ абы и пкъыгъуэхэр щIынымкIэ 2020 гъэм екIуэкIа урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуащ инженер-ухуакIуэ ныбжьыщIэу цIыху пщыкIутI хуэдиз. Лъэпкъ саугъэтым щIэбэнащ Урысейм ит еджапIэхэм щыщ щIалэгъуалэ куэд, дэтхэнэми и щIэныгъэкIэ зэрыкъэмылэнджэжыр игъэлъагъуэ проектым къиIуатэу, дэтхэнэми ар зэрыхуэфащэр я ухуэныгъэхэр къэпщытакIуэ гупым зэрыбгъэдалъхьэмкIэ гурыщхъуэ зыхуамыгъэщIу. Къапщтэмэ, зэхьэзэхуэр зым и дежкIи тыншакъым, зэныкъуэкъу хъарзыни щыIащ.

Зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпэща, техникэмрэ машинэ пкъыгъуэхэмрэ къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм хъыбар къызэритымкIэ, мы гъэм абы щытекIуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Башкирие Республикэм, Белгород, Орёл, Ростов, Челябинск, Самарэ, Ульяновск щIыналъэхэм, Мэзкуурэ Бытырбыхурэ дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр.

Зи ехъулIэныгъэм дыщыгуфIыкI Гъубжокъуэ Мурат лъэпкъыр зыIэтын, и цIэр дахэкIэ жыжьэ зыгъэIун щIэныгъэлI пажэ къыхэкIыну дохъуэхъу!

ШУРДЫМ Динэ.

75

Адэм и фэеплъым хуэпэжу

ЗэгурыIуэу, пщIэрэ пэжагъэрэ я кум дэлъу, нэхъыжьхэр ягъэлъапIэу, нэхъыщIэхэр ягъэгушхуэу къэгъуэгурыкIуэ унагъуэм къыщыхъу сабийхэр гъэсауэ, Iэсэлъасэу, зэрыIыгъыу, зым адрейм зыщIигъакъуэу къэмытэджынкIэ Iэмал иIэкъым. Адэанэр сыткIи щапхъэу, а тIум я зэхущытыкIэр я гъуэгугъэлъагъуэу къэхъу щIэблэр зэрыкIуэнкIи хъунур гъуэгу тэмэмщ, хьэл-щэну яхэлъынури къыдэгъуэгурыкIуэ куэдыр зыдэплъеинщ.

УКЪЭЗЫЛЪХУАР бгъэлъапIэу, я псалъэ Iущхэмрэ я чэнджэщ щхьэпэхэмрэ щыпщIыгъум деж, мыхъумыщIагъэ къэблэжьынукъым, гъуэгу пхэнж утехьэнукъым. Арацщ дунейм къытезыгъэхьахэр ящхьэщымытыжми, пщIэрэ лъагъуныгъэу абыхэм хуаIэр зэи щIэмыкIуэщIыр, я гум илъ зэпыту я щIэблэр щIэпсэур.

Тэрч районым хыхьэ Астемырей къуажэм къыщалъхуа КIэрэф Къанин и сабигъуэр тыншу щытакъым. Пасэу, ар иджыри цIыкIу дыдэу, и анэр дунейм ехыжри, анэшым япIыжат, анэнэпIэс иIэми. Абдеж къыщыщIидзат ар и гъащIэм зыщрихьэлIа бэлутIэIу мыухыжхэмрэ сабиипсэм дэмыхуэн хуэдиз гугъуехьхэмрэ. Ауэ ар бэшэчу, мытхьэусыхэу, щхьэх имыщIэу, къалэн къыхуагъэувхэр игъэзащIэу къэхъуащ.

Дахэт, цIыху зэхъуапсэт, хабзэрэ нэмысрэ зэрылът, зи гуащIэкIэ псэуж унагъуэт КIэрэфхэ Пэций и къуэ Къанинрэ абы и щхьэгъусэ Екатеринэрэ (ар Урыху къуажэ дэс Мэрзейхэ япхъут) яйр. Къанин зэгуэкIуар игу ирихьу, къишэну мурад щищIам, ар иджыри хъыджэбз щIалэ дыдэт, илъэс 18 ирикъуа къудейт, къэзышам нэхърэ фIыуэ нэхъыбэIэт. Ауэ, Алыхьым иухар къыпхуэгъэнэнукъым, я насып зэхэлъу къыщIэкIри, зэщхьэгъусэ хъуахэщ. ЛIыр нэхъыжьу, нэхъ Iущу, гъащIэ и пIалъэ фIыуэ ищIэу зэрыщытым къыхэкIыу, щIэх я акъылир зы хъуащ, зэгурыIуэрэ зэхудэчыхрэ я кум дэлъу зэдэпсэуахэщ, Къанин дунейм ехыжыху. Зауэ зэманым игъэва бэлыхьым гъащIэ кIэщI ищIри, пенсэм кIуэным мазищ фIэкIа имыIэжу, а тIур Алыхьым зэкIэщIичащ, щIалищрэ хъыджэбзищрэ къызэдалъхури зэдапIауэ, хэти и хьэгъуэлIыгъуэ хэтауэ, и быни илъэгъуауэ, щIылъэр ибгынащ. Абы лъандэрэ илъэс 40 хъуащ.

Япэ зизгъэщу жысIэнщи, бынхэр псори еджащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтауэ мэпсэу, унагъуэ, лъапсэ яухуауэ, адэ-анэм къыхалъхьа фIы псори я гъуэгугъуэмылэу.

Ади ани щыIэкъым, бын зэхэгъэж ищIу, ящыщ языныкъуэхэм апхуэдэ гурыщхъуэ ящI пэтми. Апхуэдэу сабийхэми къэзылъхуахэр фIыуэ ялъагъу, абыхэм я пщIэр зэраIэтыным хущIокъу. Къанин и бынхэм ящыщу етIуанэу къалъхуа Мурат адэр псэкIэ нэхъ пэгъунэгъуу, сыткIи къыдэгуашэу, зыщIимыгъэдэIурэ зыхуимыущийрэ щымыIэу къекIуэкIащ. ИкIи абы къиIуэтэжахэр си тегъэщIапIэу мы тхыгъэр згъэхьэзыращ. Ахэр апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэнщи, Къанин и гъащIэм и къекIуэкIыкIамрэ и нэгу щIэкIахэмрэ гъэсэныгъэ мыхьэнэ зэраIэми шэч къытехьэгъуейщ.

Астемырей дэт курыт школыр къиуха нэужь, Къанин фIыуэ илъэгъуа егъэджакIуэ IэщIагъэр зригъэгъуэтыну, Псыхуабэ (Пятигорск) дэт педучилищэм щIэтIысхьащ. Хуабжьу егугъуу, щIэныгъэ нэхъ куу зэрызригъэгъуэтыным и гур етауэ, зы дакъикъэ лейуэ имыгъэкIуэду зэреджам и фIыщIэкIэ, зыщIэтIысхьа еджапIэр ехъулIэныгъэкIэ абы къеух. Къуажэм къызэрыкIуэжуи пэщIэдзэ классхэм щригъаджэу ирегъажьэ. Япэ махуэхэми къыщыщIэдзауэ зэрыщыту лэжьыгъэм зрет, сабийхэр къызэрыдихьэхыным, еджэныр щIэщыгъуэ зэрахуищIыным щIэмычэу хущIэкъуурэ, къыбгъэдэтхэми иригъаджэхэми фIыуэ къалъагъуу, и зэфIэкIхэм иригуфIэу здэлажьэм, и ныбжьыр нэсати, дзэм къулыкъу щищIэну 1939 гъэм ираджэ икIи, Ленинград къыщохутэри, ар ягъакIуэ Кронштадт къалэм, къэралым и кхъухьыдзэ нэхъ пашэу «Балтийскэ» зи фIэщыгъэм артиллерист-наводчик къулыкъур щигъэзэщIэну.

Абы щыгъуэ Къанин игъусащ Уэрсей Ахьмэтхъан. Матросхэр псым фIы дыдэу щесыфу щытын хуейти, абы хуагъасэрт. ПсыIум пэжыжьэу тенджызым хашэрти хаутIыпщхьэрт, езыхэр къесылIэжыну. «Мыбы ситхьэлэнущ, яжеIэ мобыхэм, сыкъыздикIа щIыпIэм псы лъэпкъ зэрыщымыIэр...», - жиIэрт Ахьмэтхъан, арщхьэкIэ я Iэтащхьэм ар къызэрыридзэ щыIэтэкъым. Ахьмэтхъан езыр лIы пIащэжьт, зэгуэр, къызэрыфIэмыIуэху щымыIэу, нэмыцэ сэлэтыр мыжурэпэкIэ къиIэтыфат.

Матросхэм бронкIэ пIащIэгъуэу къаIулIыхьа кхъухьыр, «Иосиф Сталин» зи фIэщыгъэр, зауэ Iуэхухэм хуащIатэкъым. Ахэр абы ису, Ханкэ хытIыгур (урысхэр абы зэреджэр Гангутт) яхъумэрт. Зауэ къэблагъэм и хъыбар къэIуу хуежьати, мыбэлэрыгъыу къэрал гъунапкъэр яхъумэрт. Куэд мыщIэу зауэр къэхьейри, нэмыцэ кхъухьлъатэхэр къащхьэщыхьэу щIадзащ. Ахэр апхуэдизкIэ куэд хъурти, уафэр уагъэлъагъужыртэкъым. Ди къэралым и кхъухь куэд абдеж щыщIрагъэлъэфащ, цIыху мин бжыгъэ щыхэкIуэдащ. ИкIи адэкIи дыдейхэр бийм пэщIэтыжыфакъым.

Нэмыцэ кхъухьлъатэхэм кърадзыха лагъымхэм ящыщ зым Къанин фэбжь иригъэгъуэтат. УIэгъэ хъуа адрей матросхэр игъусэу, ар «Иосиф Сталин» кхъухьым ирагъэтIысхьэри, здашэри ямыщIэу ирашэжьащ. Абдеж ар щрихьэлIащ ермэлы щIалэ Оганянц. Лагъым къэуам кхъухьыр зэуэзэпсэу зэпкъриудри щIилъэфащ, мачтэ къэнам зыкIэращIарэ кIэрысу псым къыхэнащ а тIур. Я насыпти Ханкэ хытIыгум и Iуфэм къыщридзылIэжым, дыдейхэм щIы щIагъэм щIагъэбыдыхьауэ яIа хъумапIэ-гъэтIылъыпIэхэм ящыщ зым зыщIадзащ абыхэм. Щыгъын гуэрхэр абдежым къыщагъуэтащ. ЩIыIэм кIэкуакуэу исахэм абыхэмкIэ тIэкIу загъэхуэбэжа къудейуэ, я гъэпщкIупIэр фашистхэм къагъэуащ, лагъымым кърихужьа жьым Къаниныр хыфIихуащ. ЗыкъищIэжу, и нэр къыщызэтрихым, автоматыр къытезыубыдауэ къыщхьэщыт нэмыцэ сэлэтым фIэкIа, ихъуреягъкIэ зыри щилъагъужакъым, Оганянци теплъэжакъым.

Абдеж псэууэ къэнахэр нэмыцэхэм зэщIакъуэщ, мафIэгум ирагъэтIысхьэри, концлагерым яшащ, япэщIыкIэ Польшэм, иужькIэ Германием. Гъэр хъуахэм илъэсищым и кIуэцIкIэ ягъэвамрэ гугъуехьу яшэчамрэ цIыхум и фэм дэмыхуэным хуэдизт. ГущIэгъу лъэпкъ зыхэмылъ фашистхэм, щахуей дакъикъэм къоуэу уаукIыныр зыми щагъэщтэкъым. Махуэ псом лэжьахэм мылIэлус тIэкIу къыхуадзырти зэфIэкIат. Абы щыгъуэ Къанин и гъуса ШэджыхьэщIэ Мухьэдин нэмыцэбзи нэгъуэщIыбзэхэри фIыуэ ищIэрти, къащыпкърыупщIыхьхэм деж жаIэр псори къыгурыIуэрт.

Къанин а концлагерым щызэхихат адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ усакIуэшхуэ ЩоджэнцIыкIу Алий и кIуэдыкIауэ жыхуаIэр. Ар журтхэм хагъэзэрыхьри яукIауэ арат зэрыжаIэжыр. Варшавэ щекIуэкIа зыкъэIэтыныгъэм и фIыгъэкIэ, лагерым исхэри хуит къэхъужащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, 1945 гъэм накъыгъэм и 9-м, ТекIуэныгъэм и махуэм, Хэкум пэIэщIэу ирихьэлIащ Къанин. Марсель кхъухькIэ къыщрашыжым, гъэрыпIэм зэрисар щхьэусыгъуэу, Украинэм и Донецк областым щыIэ Славянск къалэм асыхьэтым яшэри, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм зэхакъутахэр зэфIагъэувэжу илъэсищкIэ щагъэIащ.

Къанин КГБ-м и следователхэм куэдрэ ираджэурэ къыпкърыупщIыхьащ, гъэр зэрыхъуа щIыкIэмрэ абы щилъэгъуахэмрэ ятеухуауэ. ЗэрыгурыхуэмI, псори фIы дыдэу зэрищIэжым нэмыщI, илъэгъуауэ хъуари зрихьэлIахэри иритхэу зэрихьа тетрадышхуищри къыздихьыжауэ иIыгъти, абы «иригъэбыдыхьахэр» щажриIэжым офицерхэм ягъэщIагъуэрт, «мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэм дэ дыщыгъуазэкъым» жаIэу. ЗэблэкIыу полковникищ къеупщIати, щыми ягу ирихьат Къанин и щытыкIэри, и псэлъэкIэри, щыгъуазэ зыхуищIахэри. Уеблэмэ, лIыхъужьыгъэ зэрихьауэ къалъытат икIи орден хуэфащэу жаIэри, «Вагъуэ Плъыжь» къызэрыратыну дэфтэрхэри ягъэхьэзырауэ щытыгъат, арщхьэкIэ гъэрыпIэ зэритам Iуэхур къилъэхъэжа, е тхылъхэр здагъэхьам яIэрымыхьарэ... Ауэ, Къанин зауэм иужь лъэхъэнэхэм къыдагъэкIа юбилейнэ медалхэр, «Германием зэрытекIуам папщIэ» зыфIащари хэту, кърата уэ щытащ. Иджы ахэр ягъэлъапIэу унагъуэм зэрахьэ.

Зауэм къикIыжа нэужь, Къанин и лэжьыгъэм пищэжащ егъэджакIуэу, иужькIэ школ унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьащ. А IэнатIэм здыпэрытым, и Iэзагъэм хигъэхъуэн хуей хъуати, щIэныгъэ нэхъыщхьэ заочнэу зыIэригъэхьэжауэ щытащ. Абы и гур апхуэдизкIэ лэжьыгъэм етат, сабийхэр фIыуэ илъагъурти, и зэманыр псори ятригъэкIуадэрт. Емызэшыжу, си щхьэ Iуэху нэхъапэщ жимыIэу, еджапIэр зыхуей псомкIи къызэригъэпэщу, егъэджакIуэхэри я лэжьыгъэм тригъэгушхуэу зэрыщытым и пщIэр лъагэ ищIырт, и унафэм щIэтхэри езым хуэдэу хьэлэлу я къалэным бгъэдэтт, я унафэщIым дэплъейуэ. Абы сыткIи къыдэIэпыкъурт зауэм и пэкIэ иригъэджахэм ящыщу, къулыкъу зиIэу лажьэхэр. Псом хуэмыдэжу, ар хуабжьу хуэарэзыт республикэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэхэм ящыщ зым и Iэтащхьэу щыта УанащIэ Мухьэмэд. Къанин зи унафэщI школыр гъэ еджэгъуэщIэм щыхуагъэхьэзырым деж, зэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэхэм иракъэлIапхъэ псори абы деж щагъуэтырт. Нэхъыщхьэжыр араци, гуапэу къыхущыту, гъуэгу тэмэм зэрытригъэувар щымыгъупщауэ, къыпежьэурэ иригъэблагъэрти, къызэрыдэIэпыкъун Iэмалхэри къыхуигъуэтырт. И лъэIухэр ямыгъэзэщIауэ къиутIыпщыжыртэкъым, сытым деж ябгъэдэмыхьами.

Иригъэджахэм я гугъу щытщIакIэ, къыжыIэн хуейщ Къанин къыхуэмыарэзырэ ар фIыкIэ зигу къэмыкIыжрэ абыхэм зэрахэмытри. Я IэщIагъэкIэ, я щIэныгъэкIэ, цIыхугъэу ябгъэдэлъымкIэ, зэфIэкIыу къагъэлъэгъуахэмкIэ цIэрыIуэ хъуа куэд къахэкIащ Къанин и гъэсэнхэу гъащIэм хигъэхьахэм. Къулыкъу лъагэ ямыIыгъми, гъэсауэ, хьэл-щэн екIу яхэлъурэ цIыхум дахэу яхэту, зыпэрыт IэнатIэр дагъуэншэрэ щIыхь пылъу зыгъэзащIэхэри мащIэкъым.

Къанин иригушхуэрт, иужькIэ республикэ псом къыщацIыху хъуа щIэныгъэлIхэу Сэхъу Лиуан Цунэ и къуэм - физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидатым, Хъущт Юрэ Билал и къуэм - биологие щIэныгъэхэм я докторым, Ащхъуэт Беслъэн Хьэлим и къуэм, искусствоведенэм и докторым, нэгъуэщIхэми. Къанин псэуху ахэр къыщIэупщIэу, къыкIэлъыкIуэу, и Iуэху зытетхэм щыгъуазэ защIрэ яхузэфIэкIымкIэ щIэгъэкъуэн къахуэхъуу екIуэкIащ. Дунейм зэрытемытыжрэ илъэс 40-м фIэкIами, и Iыхьлыхэм я гугъу дымыщIыххэми, Къанин я гум ихуркъым иригъэджахэм, къыдэлэжьахэм, къэзыцIыхуу щытахэм.

- Ди адэм зэгуэрым газетым къриджыкIат гангутхэм я клуб Ленинград къызэрыщызэрагъэпэщыр, икIи яхуитхат абыхэм пыщIэныгъэ яхуиIэну зэрыхуейр, - жеIэ Мурат. - Тхыгъэм и жэуапу, ар ирагъэблагъэрт клубым хэтхэм я зэхуэсым, езыри зэрыхагъэхьари къыхуатхыу. АрщхьэкIэ и Iуэху хуэмыкIуэу, и жагъуэ хъуауэ къэнат, мыкIуэфу.

ЦIыхур дунейм ехыжми, абы къигъанэ лъэужьыр кIуэдыжыркъым. А лъэужьым адэкIэ пащэ и щIэблэм. Къанин и щIалищми, и хъыджэбзищми, абыхэм къалъхужахэми, адэшхуэм хуэфащэу зэрыпсэуным хущIэкъуу, я гъащIэр яхь. Быным я нэхъыжь дыдэ Валерэ, и щхьэгъусэр дэщIыгъуу, бынитIрэ къуэрылъху-пхъурылъхуу тхурэ зэдапI. Мурат зы хъыджэбз иIэщи, ар иджыри унагъуэ ихьакъым. Маринэр Бахъсэн къалэ дэт ЗАГС-м и унафэщIу илъэс 30-м щIигъукIэ лэжьащ, Ныркэ я нысэщ, зыбгъэдэсымрэ езымрэ щIалитIрэ зы хъыджэбзрэ яIэщ. Алик (абы и щхьэгъусэр Ахъумашэхэ япхъущ) щIалитIрэ унэ ихьауэ хъыджэбзитIрэ иIэщ.

МЫ ТХЫГЪЭР дунейм къытегъэхьэнымкIэ жэрдэмыр зей Мурат теухуауэ псалъэ зытIущ щIызгъужынут. Абы и ныбжьыр гъэ дызыхуэкIуэ илъэс 70 ирикъунущ, пенсэм кIуащ, ауэ тIысыжауэ щыскъым. Къуажэ школым иужькIэ, 1974 гъэм ветеринариемкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтри, илъэситIкIэ Волгоград щылэжьащ. ИужькIэ и хэкум къигъэзэжри, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пщIэрэ щIыхьрэ щиIэу щылэжащ. «ГуащIэдэкIым и ветеран» медалыр кърата щ, щытхъу тхылъхэр иIэщ. И щхьэгъусэ Розэ (Бекъулхэ япхъущ) сабий дохутырщ, псэуэгъу зэрищIрэ илъэс 42-рэ хъуащи, я кум пщIэ, зэгурыIуэ дэлъу мэпсэухэр. Къанин къыщIэхъуа и щIэблэм гъащIэ дахэ, узыншэ ирахьэкIыну, мураду ящIахэм я Iэр лъэIэсыну сохъуэхъу.

ДЭЦЫРХЪУЕЙ Мусэрбий,
Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт.

Ахъшэм щыщ Iыхьэ кърагыж

● Банк Iуэхухэр

«Мэкъумэшбанк» акционер зыгухьэныгъэм и «Мир» картэхэр зезыхьэхэм хьэпшып къыщащэхукIэ е Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр смартфонкIэ щаткIэ сом 500 кърагъэгъэзэжыфынущ, сом 5000-м щIигъу къагъэсэбэпамэ. А Iуэхугъуэм щэкIуэгъуэм и 1-м щIидзащ.

IЭМАЛЫР къагъэсэбэпыфын папщIэ Android смартфоным щхьэкIэ щыIэ Mir Pay гуэдзэныр интернетым кърахри, «Мэкъумэшбанкым» ахъшэхэр зэрат и «Мир» картэм ирапх. КъищынэмыщIауэ, Iуэхум хэтынухэм зыщрагъэтхыпхъэщ privetmir.ru сайтым е «Мой кэшбэк» Iыхьэм хиубыдэ «Привет, Мир!» мобильнэ гуэдзэным. Сом 5000 и уасэ зытахэм къыкIэлъыкIуэ мазэм я картэм сом 500-м къигъэзэжынущ.

«Иджыпсту «Мэкъумэшбанкым» ахъшэхэр зэрат и «Мир» Iэмалым фейдэ къызыпыкI Iуэхугъуэхэр щыIэщ. Абы и картэхэр зыIыгъхэм къызэднэкI илъэсым и иужь мазитIым къагъэсэбэпа ахъшэм и Iыхьэ гуэрым кърагъэгъэзэжыфынущ (кэшбэк). Шэч къытетхьэркъым ар куэдым ягу зэрырихьынум икIи абы и фIыгъэкIэ я благъэхэмрэ IыхьлыхэмрэI тыгъэ лъапIэхэмкIэ илъэсыщIэм и пэщIэдзэм зэрагъэгуфIэфынум, - къыхигъэщащ «Мэкъумэшбанк»-м сатумрэ зэпэIэщIэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэным зегъэужьынымкIэ и къудамэм и унафэщI Деменюк Юлие.

Къагъэсэбэпа ахъшэм къызэрырагъэзэж и Iэмалыр 2020 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 31 пщIондэ щыIэнущ. Абы нэхъ зыубгъуауэ зыщыбгъэгъуэзэфынущ «Мэкъумэшбанк» АО-м и сайтым.

ЖЫЛАСЭ Замир.

ШЫХЪУЭСТЭН Владимир КIысту и къуэр



Адыгэхэм мымащIэу къытхэкIащ лъэпкъыр зэрыгушхуэ, зэрыпагэ цIыху щыпкъэхэр. Апхуэдэхэм ящыщт иджыблагъэ дунейм ехыжа Шыхъуэстэн Владимир КIысту и къуэр. Еджагъэшхуэм и зэфIэкI куэд ирихьэлIащ техносферэ унэтIыныгъэм ди къэралым зыщиужьыным. РАЕН-м и академик, абы и къудамэм и унафэщI, профессор, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Шыхъуэстэныр дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ къэхутакIуэт, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ IэщIагъэлI щыпкъэт.

Шыхъуэстэн Владимир Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыщ Сэрмакъ къуажэм 1942 гъэм гъатхэпэм и 2-м къыщалъхуащ. Школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, ар щIэтIысхьащ къэралым и щыхьэр Москва дэт, Жырымрэ гъущIхэкI зэхэгъэтIкIуэхьахэмкIэ институтым и физико-химие факультетым. «ГъущIыкIэхэмрэ гъущIхэкI зэхэгъэткIухьахэмрэ я физикэ» IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта Шыхъуэстэным 1964 гъэм лэжьэн щIидзащ.

Северодвинск къалэм дэт, Атом кхъухьэр ухуэнымкIэ центрым (ЦАС) ягъэкIуат Владимир. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ лэжьакIуэ жыджэрыр мыгувэу ягъэуващ Центрым диагностикэмкIэ и къудамэм и унафэщIу. ЖэуаплыныгъэшхуэI ин зыпылъ а IэнатIэр ЦАС-м и къудамэ нэхъыщхьэхэм ящыщт. Арат къыщапщытэр псы щIагъым щызекIуэ кхъухьхэр зэрызэпкърылъ пкъыгъуэхэм, зэпыгъэвапIэхэм я быдагъыр, зэрыла лэчхэм я фIагъыр. А зэманым псы щIагъым щызекIуэ кхъухьхэм я лэжьыгъэр, абыхэм ис IэщIагъэлIхэм я зэфIэкIыр, уеблэмэ я гъащIэр елъытат Шыхъуэстэныр зи пашэ къудамэм къэхутэныгъэхэмрэ къэпщытэныгъэмрэ зэрырыгъэкIуэкI щIыкIэм. Къэрал унафэщIхэм мыхьэнэшхуэ иратырт ЦАС-м и къэхутэныгъэхэм, къэпщытэныгъэхэм. Ахэр щекIуэкIкIэ кърихьэлIэрт къэрал комиссэ псо, СССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрыр я пашэу. Академик Александровым апхуэдэхэм деж кхъухьым иригъэблагъэрт ар щIыным, къэпщытэным епхауэ щыта IэщIагъэлI нэхъыщхьэхэр, адыгэ щIалэри яхэту.

Северодвинск щыщылэжьа илъэсхэр хуабжьу купщIафIэу щытащ ди лъахэгъум дежкIэ. Жэуаплыныгъэ ткIий зыхищIэу и IэнатIэм зэрыпэрытым, дзыхь къыхуащIа къалэнхэр къызыхуэтыншэу, нэсу зэрызэфIихым къадэкIуэу, Владимир иригъэкIуэкIырт щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр. А зэманым Шыхъуэстэным игъэхьэзырац икIи ехъулIэныгъэ иIэу пхигъэкIащ и кандидат, доктор диссертацэхэр.

Шыхъуэстэн Владимир бгъэдэлъ Iэзагъым щыгъуазэ зыхуащIыну къыхуэкIуэрт нэгъуэщI къэралхэм щыщ гупхэр. ЗэхъуэкIыныгъэхэм я зэманым ипэкIэ Северодвинск къалэр зэхуэщIауэ щытами, Горбачёв Михаил и тетыгъуэм абы хуиту зыплъыхьакIуэ къакIуэрт цIыхухэр. Шыхъуэстэн Владимир зи пашэ къудамэм япэ дыдэу къыхуеблэгъа апхуэдэ гупыр США-м къикIауэ щытащ. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрыр зи пашэ хьэщIэхэм хуабжьу ягъэщIэгъуауэ щытащ адыгэ щIалэр зи унафэщI къудамэм щызэфIах къэпщытэныгъэхэм я фIагъыр. Апхуэдэ лIыкIуэхэр иужькIэ къикIауэ щытащ Инджылызми.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм Владимир Москва ирагъэблэгъащ икIи псым тет, абы къыщагъэсэбэп техникэ зэмылIэужьыгъуэхэр къэпщытэнымкIэ «ДИАТЕХ» щIэныгъэ-производственнэ IуэхущIапIэ къызэригъэпэщащ. Илъэс куэдкIэ езыр щылэжьа ЦАС-м щыщ IэщIагъэлI пашэхэр къищтащ абы и IуэхущIапIэм. Шыхъуэстэным къызэригъэпэща ДИАТЕХ-р ядэлажьэрт Вьетнамым, Сауд Хьэрыпым, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм, Азербайджаным, Бразилием, Испанием, Тайландым, Малайзием.

Диагностикэм и технологиехэр, къэпщытэныгъэм и IэмалыщIэхэр къызэгъэпэщыным хуищIа хэлъхьэныгъэ иныр къалъытэри, Шыхъуэстэн Владимир къыхуагъэфэщащ дунейпсо мыхьэнэ зиIэ щIыхь тхылъхэр, саугъэт лъапIэхэр, дамыгъэ лъагэхэр. И Iуэху зехьэкIэ екIумрэ бгъэдэлъ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ зэфIэкI инхэмрэ къызыхуэтыншэу щызэхэуххуэнат а щIэныгъэлIым и гъащIэм. Аращ къыхэзылъхьар диагностикэм и иджырей IэмалыщIэр - фононнэ (кристаллическэ) диагностикэр. ИригъэкIуэкIа апхуэдэ къэхутэныгъэхэр зи лъабжьэ щIэныгъэ тхыгъэ куэд, монографие щхьэхуэхэри хэту, и къалэмыпэм къыпыкIащ Шыхъуэстэным.

Урысей псори, ди лъэпкъри зэрыгушхуэ щIэныгъэлI щыпкъэм, къэхутакIуэ емызэшым, щапхъэ зытрах хэкупсэм и цIэр дэ зэи тщыгъупщэнукъым. Ахърэт нэху Тхьэм кърит.

Ныбжьэгъу гуп.

Австралием ЩIэныгъэмрэ абы и гуэдзэн унэтIыныгъэхэмкIэ и къэрал зэгухьэныгъэм (CSIRO) хэт щIэныгъэлIхэм хьэршым техноген сигналхэр къыщылъыхъуэнымкIэ зэхагъэува проектым хыхьэу, уафэ жыжьэм щыIэ, вагъуэ мелуани 10-м нэблагъэ зыхиубыдэ Парус зи фIэщыгъэ «цIуугъэнэ» гуэрэн абрагъуэм лъэныкъуэкIэ къыщыт и Iэгъуэблагъэр а къэралым щызэпкъралъхьа, MWA (Murchison Widefield Array) радиотелескоп лъэрызехьэмкIэ къаплъыхьащ.

Псэ зыIутхэм щылъыхъуэу

● Хьэршым

ЗИ ГУГЪУ тщIы Iэшэлъашэм «нэрыплъэ» телъыджэмкIэ мелуан бжыгъэу къыщыпхуэзэщIэубыдэну «цIуугъэнэ цIыкIухэм» я гугъу дымыщIми, абджынэ лъэпкъ хэмытрэ дэIэпыкъуэгъуншэу уи нэхэмкIэ плъагъуну вагъуэхэри мащIэкъым - ахэр, псори зэхэту, 195-рэ мэхъу.

MWA (Murchison Widefield Array) зи фIэщыгъэ Iэмэпсымэр, вагъуэ мелуанхэм къадз нурыр зэ зэIухыгъэуэу уи нэгу къыщIэзыгъэувэ телескоп гъуэзэджэр, мызыгъуэгум къэзыгъэсэбэпахэм мурад нэхъыщхьэу яIар хьэршым а и къуапэу зыкIэлъыплъам псэ зыIут гуэрхэм (нэгъуэщI планетэхэм щыIэ цивилизацэхэм) къраутIыпщыкIагъэнкIэ хъуну сигналхэм гу лъатэнырщ.

«Зи гугъу тщIы лэжьыгъэм дыхэту зэ плъэгъуэкIэ къытхузэщIэубыдар хуэдищэкIэ нэхъыбэщ нэхъапэхэм, апхуэдэ щIыкIэм дытету, тхузэфIэкIам нэхърэ. ИтIани, къыжыдмыIэнкIэ Iэмал зимыIэщ, Парус зи фIэщыгъэ вагъуэ зэрыбин абрагъуэм сыхьэт 17-м и кIуэцIкIэ дыкIэлъыплъати, хьэршым а и къуапэм псэ зыIутхэм къраутIыпщыкIауэ техносигнатурэ гуэри къызэрытхуэмыубыдар, - къыщыхагъэщащ Publicationsof the Astronomical Societ of Austcralia журналым щIэныгъэлIхэм къыщытрадза я тхыгъэм.

АрщхьэкIэ, еджагъэшхуэхэм зэрытрагъэчыныхьымкIэ, зыпэплъа сигналхэм хуэдэ мызыгъуэгум къазэрыIэрымыхьар щыхьэт хъуфынкIэ мащIэщ уафэ жыжьэу зыкIэлъыплъам и Iэгъуэблагъэм псэ зыIут гуэри щымыIэу къибгъэкIынымкIэ. Сыту жыпIэмэ, япэрауэ, хьэршым а и Iэшэлъашэм цIыхухэм ещхьу гупсысэ лъагэ зиIэу щыпсэункIэ хъунухэм къамыгъэсэбэпынри хэлъщ дэ дызэсэжа FM-диапазоным хыхьэ радиосыджхэм хуэдэхэр.

«КъищынэмыщIауэ, мызэкIэ дызыкIэлъыплъа хьэршым а и къуапэр нэхъапэхэм зызыхуэдгъазэу щытахэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ инми, абырэ ар зыхиубыдэ Шыхулъагъуэ (Млечный путь) галактикэмрэ, вагъуэ меларди 100-м къыщыщIэдзауэ 400-м нэблагъэ зыхэтымрэ, зэрызэбгъапщэ хъунур псыгуэн къызэрыгуэкIыр здэщыт щIыпIэмрэ ди планетэм и хыпс псоми, зэхэлъхьэжауэ, къызэщIаубыдэ щIыгумрэ, я инагъ цIыкIуагъкIэ, зэрызэтемыхуэм хуэдэущ, - щыжеIэ зи гугъу тщIа тхыгъэм ар зи къалэмыпэ къыщIэкIахэм ящыщ астрофизик Тингрей Стивен. - Абы щыгъуэми дэщIыгъужыпхъэщ, нэгъуэщI планетэхэм щыIэу зыхуэдгъэфащэ цивилизацэхэм, зыкъытпащIэн папщIэ, дызыщымыгъуазэ Iэмалхэр къагъэсэбэпынкIэ зэрыхъунури».

АтIэми, вагъуэхэм якIэлъыплъ астрономхэм я дежкIэ, алъандэрэ къахуэмылъагъуу щыта сигнал цIыкIухэми дяпэкIэ гу лъатэнымкIэ хэкIыпIэфIу къыщIэкIынкIэри хэлъщ (тхыгъэр зи IэдакъэщIэкIхэм къызэралъытэмкIэ) SKA (Square Kilometer Array) зи фIэщыгъэу иджыблагъэ зэпкъралъхьа радиотелескопыщIэри.

«SKA Iэмэпсымэм дэ Iэмал къыдитыну дыщогугъ вагъуэ зэрыбин абрагъуэхэу иджыри къыздэсым дыздынэмыплъысыфахэм къикIынкIэ хъуну техносигнатурэхэм гу ялъыттэн и лъэныкъуэкIэ», - дыщIигъужащ Тингрей Стивен.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд

Насып зэхэгъэкІыпІэ

Повестым щыщ пычыгъуэхэр

Зэшыгъуэщ гъащІэр, псом хуэмыдэу ущизакъуэм деж. Закъуэнгьэм и хъым уихуэнымкІэ нэхъ нэхъ Іей щыІэуи фІэщщІыгГуейщ. Зымыгъэунэхуам ищІэркъым ар зищІысыр, абы ишэч хьэзабыр.

Пэш кІыфІыжьым щІэмызагъэу щхьэгъубжэ Іухам бгъэдыхьа щІалэм зыгуэр кІиллыхьэу хуэдэщ. «Мор си вагъуэщ» - игукІэ жиІэу, и нэм уэгум ящэу щыхиубыдыкІар псоми яхолыдыкІ. ЗэримыпэсІа хуэдэ, уэгум ІьагъэУ зэритрагъэнкІи хъунщ абы гъунэгъу щІимыІэр.

- Ярэби, мо вагъуэм хуэдэу, си закъуэу куэдрэ есхьэкІыну пІэрэ-тІэ си гъащІэр? - и гур зыщІэгъэжу зоупщІыж.

ЗыщимыгъэнщІу кІэлъопль уафэм лыду ит нурыбэ щыкІуэр хуэмурэ зэрыкІуэтэм. Зэманри макІуэ. Заур и щІалэгъуэми и гъащІэми хощ. Хэхъуэ зэпытщ гугъуехьэмрэ бэлыхьу псэкІэ игъэвымрэ. Аращ, сабий уэнэм ущапІамэ!

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр икІрэ къыдеджэ и ныбжьэгъуэхр зэ къэкІуэжамэ, мы общежит пэшым щІэзэшыхьынтэкъым, ауэ абы иджыри тхьэмахуитІ иІэщ.

Пщэдджыжь жьыуэ къэтэджьи зэрыхуейр игу къэкІыжу гъуэпъыжами, хэлъщ и напІэ зэтемыхьэу. Динэ игу къэкІащи, илъагъуну и нэ къокІ. Гъуэтыпіпэм и гъунэгъу щыт щэнтым телъ жьып телефоныр къещтэ. Сыхьэтыр пщыкІуэм фІэкІащ. ФІыуэ илъэгъуам псэм къыбгъэдэкІ псалъэ зытІущ смс-кІэ хуригъэхьынщ. Ауэ сыт хуитхынур? КъыщІащ: «Уи жэщ фІы хъуну, нэхуітъэбгІ дыдэ уэкІи!» - Жеир къэзгъэушыжмэ-щэ? - иогупсыс, ауэ лъагъуныгъэр къытокІуэри, лъэмыкІыу тхыгъэр ирегъэхь.

Езыри хелъафэ мыгувэу жейм.

ЩІалэр зеиншэу къэхъуар пэжт, абы и адэ-анэм я Іэфыгъэ-хуабагъэ зыхищІэн дзнэ къэна, дунейм къызэрыгтехьэрэ ахэр зэи илъэгъуакъым. Ари щыгъэтауэ, езы къэзылъхуахэр и нэгум хуиту кьиплъауэ пІэрэ, хьэмэрэ мы щІыпІэ хъуреижьым къытрадзэу дунейм екъужах?

Ар Заур дежкІэ къонэ жэуапынщэу. ГъащІэ щыхъуКІэ, абы къэди къыщохъу, тхьэмыщкІагъэ къэди къытохьэу, ауэ щІалэм и нэгу щІэкІар зы сабии тхьэм иримыгъэлъагъуКІэ.

МылІэр лІы мэхъу щІыжаІэраци, зи жьауэ щІэтын имыІами, лъэмыкІыу гъащІэм ипсыхьащ. И гум къэдрэ кІокІыж, интернатым щІыхубэ, лІы мыщІыку гъэрэкр къэкІуауэ ильэгъуамэ - мор мамэу Іпэрэ, мори си папэу сишэжьну къэкІуауэ ялыхь къыщІэгъэкІ! - жиІэу лъаІуэу зэрыщытар. Ар егупсысыртэкъым здашэнуми. Дэни кІуэнт, си хуабагъэ зыхимыщІа, игъащІэми нахуапІэу ильэгъуауэ имыщІэж къэзылъхуахэр къиГуэтыжамэ, бгым зрадзэлыхьжми, якІэлъеГьэнт! ГущІэгъуншэ дыдэт а щыкІур игу зобгъэжу, къыхуэмейуэ дунейм къыпетэзыдзэитІыр. Езым жрамылэжьафами, Сабий унэм и лжьакІуэхэм а тхьэмыщкІэр къызэрагъуэтар зэи ягу ихужьнкъым.

Пшапэ зэхэзэгъэ хъуауэ щыбымкІэ къиІуКІыу гъы макъ зэхэзыха хъумакІуэр къыщІэкІмэ, елъагъу бжэлупэм деж щылъ хъыдан жэрумэр.

ЛІым и джэ макъым къызэхигъэса щыхухэм ар зэкІуэцІахри іоплъ, мо щІалэ цІынэм и Іэблэм ищІа тхьпльымпІэм гу лъатэ. Абы тетт: «ЩакІуэ Заур Хьэпсыр и къуэ. 27.06.85 гъ.»

ГъащІэр и пІэм иткъым, Заури и хьэупсапІэ гъэрхэр иджы зригъэхьулІэфу хуежьащ. Ар хуоджж зэрыщІыкІуэр зыхуэпабгъэу щыта дохутыр Іэщ Іагъэм. Пэжщ, тыншкъым дэІэпыкъуэгъуншэу уеджэнэр, ауэ и Іуэху щыхуэхъуэхэм лэжьыгъэ гъэрхэм зрепщыт. Хъунукъым нэгъуащІу. Гугъу ехьыж, мэгугъэ гуВа-щІэхьажи, щІыуэтэжьну зэманыр къэсыну.

Лэжьэгъуэ махуэр езыхьэкІа ныбжьыщІэр парк щыкІымкІэ кІуэцІрокІ. Дунейр егъэлеяуэ хуабэми, мы жыг щІагъэхэр сыт щыгъуи щІыІэтыІэщ. Арауи къыщІэкІынщ мыпхуэдэ зэманхэм щІалэгъуалэр мыбы дапщэщи какъэ-пщІыпщІу щІисыр. ИльагъУ псомИ защимыгъэнщІу, зиІпльхьэрэ здэкІуам, тІысыпІэ нэщІ къиІльэгъуам щотІысэж.

- Бетэмал, Динэ си Гъусамэ, аратэкъэ? - къыжьэдоху абы. ИтІанэ занщІэу игу къокІыж и жып телефонри, епсэлъэну мурад ещІ. Иоуэ. Къищтэркъым. ЕтІуанэуи іоплъ:

- Алло! - къоІукІ щІалэм и нэІуасэ макъ гуапэр.

- Уўэшнэм, Динэ. Дауэ ущыт?

- Іейкъым. Уэ-щэ?

- Дауи допсэу. Сыт пщІэкъэ?

- Зыри тхьэ, унэм дыщІэзэшыхьауэ дыщІэсщ.

- ПхущІыхьэнумэ, кьыдэкІ, паркым тІэкІу къыщІтКІухьынщ.

- СщІэркъым. Мамэ сыныдигъэкІынумэ сеупщІынщ. ТІэкІу дэкІмэ, къэпсэлъэж.

- Хъунщ.

ПщащэМ къыжриІэнум ІейтІейуэ поплъэ. А тІур зэрызэрыщІыхурэ щІе плІэ зэхуэзами аращ. Ягуэм гухэлъ мафІэм щыщ хъуаскІэ гъэрхэр къыщыпІэнкІкІыу хуежьами, ахэр хунэсакъым псэм къыбгъэдэкІ псалъэ хуабэкІэ зэхуэгуэпэну. Заур щизакъуэм деж быдэу мурад ещІ хъыджэбзым епсэлъыпІэну, ауэ ар гъунэгъу къызэрыхуэхъуу, псори щогъупщэж. ТелефонкІэ хуиту епсэлъэф щхьэкІэ, пщащэр щыщІыгъуэм укІытэр къытокІуэри, и бзэр еубыд. И гум къокІыж ахэр зэрызэхуэзари.

Абы щыгъуэ ГъатхэкІэ мазэт. Заур и ныбжьэгъу, пэшым и гъусэу къыдыщІэс Резуан и къэшэн хъыджэбзыр къыщалъхуа махуэу Іэнэм здыпэрыгъэм, къыщІыхьа хъыджэбз зэкІужьм и нэр тенат. Льэдакъэ лъагэм тет, зи пщэр кІыха джанэплІэ фІыцІэрэ джинс гъэнэщадзкІэ зыщІэта пащэм и бгы лантІэм фІэжІыу едзэжа и щхьэц сырыху-фІыцІафэ гъэутІэрэзам нэхъри дахэ щІэхъуКІыт. Езыр, узримыгъэплъу, апхуэдизкІэ хужьт, къабзэти, и кІурмакъэм ежэх псыр умыльгъэГуу пІэрэ жьыуиГэІэрт. И нэ къуэдзэнтім Іупщіу къаІуатэрт абы и Іэдзбагъымрэ пагагъэ тІэкІуи зэрыхэлъымрэ.

Заур и нэхэр абы зэрытенам псоми гу щыльатэм, къэуцІыплъауэ и щхьэр хуэмурэ ирихьэхьажащ.

Апхуэдэуи ещІэж урыс къафэ хуэмыр зэрырагъажьэу, тегушхэныгъэу иІэр зыхилъхьэу, а пщащэр къыдишауэ зэрыщытар, абы щыгъуэ елъэІуу и жып телефон номерыр къызэрыІикъэкІ.

Зэхуэзащ а тІур нобэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам бгъуфІэр зэпаупщІауэ, Советскэ уэрамым ирокІуэ. Аузэрэ «Нарт» хьэщІащым нэблагъэхэщ. Абдеж щыт нэчыхь щатх унэм къыщІэкІыжа, гуфІэгъуэр зи нэгум къыщ зэрышаитІым елъэурэ, Заур жиІащ:

- Динэ, уэ уашэмэ, сытым хуэдэу ныСащІэ дахэ ухъун уи гугъэ!

- Ар дауэ, зэрыдэкІуэу, мыдахэхэм захъуэжура?

- Уэрэ мыдахэр, умыгушыІэ, зыгуэрхэм я фІэщ пщІынщи...

- Сызэримыгугъауэ гушыІэрейуэ укъыщІокІри!

- Сэ сыгушыІэрэ? Сэ усакІуэу сыщытамэ, уи теплъэ дахащэр цІыхухэм усэбзэ лъэщкІэ яхэсІуэтэнт.

- Си насыпщи, усакІуэжьым, нтІэ, художникыу ущытамэ, лІот пщІэнур?

- Абы щыгъуи сщІэн згъуэтынт.

- Сыту?

- Уи сурэтыр псоми ялъагъуу, зэи хэмыгъэущэжыну дыщэпскІэ узгум екІуу исщІыхьынт.

- Сэ сыхуейтэкъым апхуэдэу.

- Ар сытым къыхэкІыу?

- Къысхуэзгуэпхэм нэ къыстребгъэгъэхуэнути.

- Апхуэдэу къэзгъанэу сежьэжьынтэкъым, Іэмал имыІэу нэтемыгъахуэ дыуэ пхуезгъэтхьынт.

- Дыгуэмыгуэрэ, гуэл Іофэм дыкъэсаи, сытуи цІыху куэд хэс мы псым, къахьу матэкІэ къыхахІутами яреи.

- Накlуэ, жыг жьауэпІэм щІэт мо тетІысхьэпІэхэмкІэ.

- Зэрыхъуэпсэгъуэ, сигу пэщыху щыщыгъэсхьынт.

- НтІэ, хэт узыІыгъыр?

- Аеій, хъыджэбз тэмэмхэм псыхъуэм зыщагъэпскІрэ?

- АтІэ, мыбы зыщцызыгъэпскІ псори мытэмэму ара?

- Ди адыгэ хабзэм къезэгъыу къэслъытэркъым псоми къалъагъуу хъыджэбз цІыкІум зитІэщІу зигъэпскІыу...

- Пэжщ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, къемызэгъ защІэщ иджы щІыІэхэм ящІэр, - арэзы дэхъуащ, емыдаузмэ нэхъ къиштэу.

- Сыту щІыпІэ дахэ мыбдежьыр, Заур? - Мывэ щыкъуей щыкІу къащыпахэр зырызыхъэу псым хаутІыпщыхьэрэ заулкІэ щыта нэужь, жыг жьауэм щІохьэжхэр.

Заур пщащэм зыхуеГазэ:

- Динэ, пщІэрэ? - жиІэнур хунэмыгъэсу къоувыІэж.

- Сыт?

- Зыгуэр бжесІэнущи, уи жагъуэ умыщІыну псалъэ къыхэт.

- Ар жыпІэнум елъытащ, - погуфІыкІ пащэр.

- НтІэ, сыкъэбгъэгугъэфынукъэ?

- Узот псалъэ!

- Быдэуи?

- Быдэ Іейуэ! - Ар жиІэри, хъыджэбзым и нитІыр щІалэм триубыдащ.

Абы гу лъызыта щІалэри къуэцІыплъауэ, и щхьэр ирихьэхащ, ауэ, апхуэдэу къэдрэ щІэт зэрымыхъунур фІыуэ зэхыщІыгурыуэм, къыдэплъеижащ.

- Сэ уэ фІыуэ уэолъагъу! - щэхуу къыжьэдэІукІащ.

ПщащэР дыхьэрэну къызэщІнарэ жиІэнур имыщІэу тІэкІурэ щыта нэужь, щІэупщІащ:

- Заур, зэныбжьэгъу къудейуэ дызэхущытмэ, мынэхъыфІу пІэрэ?

Мыдрейм жиІэнуми хунимыгъэсу, укІытэр къызытекІуэ тхьэІухудыр, хуэмурэ къежьэжащ. Ауэ щІалэми зыкъыкІэримыгъэхуащу и ужьым иуващ. Нобэ къыжраІам хуэдэ псалъэхэр Динэ и щІэпэзэхэтэкъым, уеблэмэ куэдыІуэм къраІуэкІыри, и жагъуэт. Абы езыр зэреплъыр гъэщІэгъуэнт: «Дэ фІыуэ дыкъэзыІьагъуэу жьзыІэхэм ар псалъэ гъущэкІэ ди фІэщ ящІыну щхьэ хэт? Ар пэжмэ, жаІэн хуейкъым, атІэ псалъэншэу нэрыІьагъу тщІырящІ».

Хуейтэкъым текІыну а и гупсысэкІэм. Иджыри къэс абы къыхуихуатэкъым зыгуэрым дэгушыІэну, хуэзатэкъым езым и псэм дыхьэн цІыху. Иджы и гур зыгъэхуэбэфыну къыщІыхьу мы Заур къыкъэжІат, зэкІэ дзыхь хуищІын шынэми. Заур, езыми зыхищІэжу, нэгъуэщІ зыгуэру хущІыт, къызыхьКІыр нэсу хужьмыІэми. ЦІыхурЗэ зэрызэхъэхуэрэ дэкІа зэман мащІэм лъэмыкІыу есат, иджыри кьыгурымыІуэми, и гущІэм щьзэщІэнэ мафІэ цІыкІур зэщІэлыдэну хьэзырт.

Заур Динэ и ужьым зэриттщ. Ар къызэпІэкІыркъым, езыри лъэщІыхьэнуи хэткъым. Апхуэдэуэрэ, автобус къэвыІэпІэм щынэблагъэм, пщащэр къэувыІащ. ЩІалэри нэсу ГьунэгъУ зэхуэхъуа щхьэкІэ, и нэгум имыплъэфу, и щхьэр зэрыгъэщхьаУэ хъыджэбзым зыхуигъэзащ:

- Уэ зэрыжьпІам хуэдэу нэхъ къапщтэу ара?

- НтІэ, - щхэуу къыжьэдэкІащ хъыджэбзым.

- Сэ апхуэдэу сыхуэмеймэ-щэ?

- Сэ щІалэ сиІэмэ-щэ? - къызыхирИ и имыщІэу упщІэжь упщІэкІэ пэджжащ.

- Уэзыншэу! - Ар жиІэри, щІалэм и жэгурыІуэркъым фэ зи щІалэгъуэхэм фызэрынасыпыфІэр щІы-зыхэвмыщІэр? А джыдэ, фи пІэм сыкъэхутэжащэрэт, бетэмал!

- Уэри уи щІалэгъуэу щытакъэ, уи блэкІам щхьэ ухуэмыварэзыщІэрэ?

- ПщІэрэ? Ар гъащІэм и пщалъэщ, цІыхум и ныбжьыр зэкІуэтэху, къикІуа гъэгуанэм ирипльэжрей хъууэ щІедзэ - Іеймрэ фІымрэ зэпилъытыжу, а фІым щыгуфІыкІрэ кІэлъыхьэпсэжу, щыуагъэу Іэщ Іэкіам хущІегъуэжрэ зэманым къеэгъэгъэзэжу зГъэзэкІуэжащэрэт, жиІэу. АрщхьэкІэ уэлбанэ блэкІам щІакІуэ кІэлъыпщтэжкІэ мыхьэнэ зэримыІэм уэри ущыгъуаззу къыщІэкІынуц. Ауэ аракъым нэхъыщхьэр, атІэ ущисабиигъэм, ущищІалэгъэуэм дуней уэытетыр нэхъ Іэфі къыпщІохъури, хэт ищІэрэ, абы къыхэкІыу къыщІэкІынщ гъэхэр псынщІэу, нэгуэшужьу, зыщыдмыГьэнщІэ щІыблэлъэтри икІи дыщІыкІэлъыхъуэпсэжри.

Заур зэрыщымщ, сыти жиІэн, и щхьэр и жагъуэщ, щІогупсыс и хъыджэбзым, мэшынэ я Іуэхум зыри къимыкІынкІэ.

- Уи гукъуэгу умыбзыщІу къыСхуэІуатэ, сэбэп дыпхуэхъуфмэ, тлъэкІ къэдгъэнэнкъым.

- Хьэуэ, упсэу, псори тэмэмщ, умыгузавэ.

- НтІэ, щІалэ, сэри сыкІуэжынщ, уэ ззэзмызэ ныкъуэкІ, тІэкІу нэхъ дытеунщ, сэ мы псэуПІэ унэм пэмыжьжьэу щыт еджанІэм сыщІыхъумакІуэщ, си закъэущи, соззш.

- Хъунщ.

- Узыншэу!

- Уи жэщ дахэ ухъу!

Щысщ Заур, и гум къыхуидзэркъым унэм щыхьэжьыну. Йогупсыс ар иджыпсту Динэ. Сыту гущІэгъуншэ мы дунейм хъыджэбзэу тетыр, я гур мылым хуэдэу щыІэщ.

Апхуэдэущ къызэрыфІэщІыр, нтІэ, ар мыпэжмэ, пщащэм езыр къиГьапцІэу апхуэдизрэ щхьэ къыхуэзэ, зы хуабагъэ гуэр къыщыхуимыІэм? ІупщІыам ар абы дежкІэ. Хуозэш. И гум хуигъэхуркъым пщащэр. ФэрыщІыншэу фІыуэ елъагъу, ауэ мывэм гухэлъ хуэпщІкІэ, абы узыхищІэн е а мывэм Іэплъэ епшэкІкІэ уигъэхуэбэфын?

Сыт ищІэн, игъэвынщ и псэм къытегъуэпхьа бамПІэр, адрей псоми ар къахэжьыкнъым, ауэ, итІани...

ЛЪэмыкІынщ ар абы, езым бдзэ дыдэу зыжьащІэ - хуэзэфІэкІынукъым а пщащэр зыщигъэгъупщэн. ЩІохьэж общежитым, вахтэм блокІри, лифтым зэрынэсу трекъуэз, лажьэркъым. Уэздбгъэм щымысхуэ зы тхъэмахуэ тэмэму яГъэлажьэмэ хъунукъэ?!

ХъущІэу докІуеиж еханэ къатым. ГъуэпъыжамИ, и жеин къакІуэркъым. Гупсысэ мыфэмыщ къомыр зыщхьэщехри, и напІэр зэтрелъхьэ, аэр хъуркъым, зи, езэгъыркъым. Телефоныр къозу.

Сыхьэтыр пщыкІутІым фІэкІагъэнщ, хэту пІэрэ жэщыбгъкъым ЬъэпсалъэР? - іоплъ. Резуанщ. Къытрех.

- Сэлам алейкум!

- Алейкум сэлам, Резуан, жэщтеуэр дэнэ укъипсэлъыкІрэ?

- Къех и лъабжьэм, къэпльагъунщ, щыбым дыдэтщ.

- КъыдэкІуей, укъыщІагъэхьэжыркъэ?

- Гъусэ сиІэщ.

- Абы щыгъуэ сынох, къызэжьэ!

- Хъунщ, иІэ нэхъ псынщІэу.

ЩыгъакъэР зыщедзэжри, пІащІэу къыщІокІ.

- Уо, си куэзш, сыт бгъахъэхэр? - бжэ щхьхьэпІэм щыт Резуан зэуэ зыкъредзри, Іэплъэ зэхуащІ. Заури, и ныбжьэгъуэ къыздыбгъэкІуэтыжым щІопщІэ:

- Уэ къъуэш ухуеиж, Тэрч укІуэжри удэтІысхьэжауэ удэсщ. Хьэмэрэ фи къуажэдэс хъыджэбзэхэм уаубыдыжауэ ара? Арамэ, сэ ар Ася схужеІэжынщ.

- Дэ, щІалэ, фдфхуэдэу зыдгъэгородскойкъым, къуажэм тщІэн щыдогъуэт. ЩІымахуэ псом Іэщым яшхыну мэкъуэ яхуэзэтыдолъхьэ. Сужэгъуащ, къаури псэриуи къытхуигъэнэжакъым мы мэкъуаэзным, плъагъуркъэ си Іэгум и пхъашагъ хъуар? Сымылэжьэн щхьэкІэ щхьэусыгъуэ мин сщІыри сыкъыздэкІаеуз арат.

- Хъунщ иджы, уи тхьэусыхэнир бухамэ, мы уи гъусэ щІалэр дыгъэщІыу.

- Мыри? Мы Іежжьым и цІэр Тимурщ. Си анэ шыпхъум и къуэщ, Шэджэм дэсщ.

- Сэ си цІэр Заурщ, ЩакІуэхэ сарейщ.

- Си гуапэщ, - и Іэр къеубыд щІалэм.

- Зэ, фэ моуэ фыщщт, сэ иджыпсту къэзгъэззэжынщ, - жери Іуокі Резуан.

- Уэри Шэджэмкъэтэ узыщщІыр, ди къуажэ ЩакІуэхэ дэсщ.

- Пэжри? Сэ сывикъуажэкъым.

- НтІэ, ЩакІуэ ХъызІыр жаІэу зэхэпхауэ пІэрэ?

- Хьэуэ. Хэт ар? - и жьэр Іурыхуарэ зэхихыр и фІэщ хуэмыщІу щІэупщІащ.

- Зы уэрамдэкІкІэ нэхъ тпэмыжьжьэу щыСщ.

- И гугъу къысхуэщІыт, хьунумэ.

- Ди школым ОБЖ-мкІэ дыщригъаджэу щытащ, езыр хьэлэлыжь гуэрщ, ауэ фадэм егъэкІуэд.

- Апхуэдэ дыдэу еФэрэ?

- Дэ дыщцригъаджэм и бзэгуэр хуэмыгъэкІэрэхъуэжу, зебыршэу урокым къыщыщІыхьэр нэхъыбэт. Иужьрей зэманхэм щІыбым дэлъу къагъуэтэжк.

- Ар сыту щагъэлажьэрэ?

- КъыІуахуж, ауэ, яфІэгуэныхь мэхъури, плым и ефэныр нэхъ зэрызэпІууэ, ягъуэвыж.

- Унагъуэ иІэ?

- КъыпТІрэ зыпхъурэ. Хъыджэбзыр куэд щІакъым зэрыдзкІуэрэ, сыт ущІыщІэупщІэр?

ЩІалэр хэгупсысыхьащ, «арауэ пІэрэ-тІэ» - зоупщІыж игукІэ. Ауэ шэчи къытрехьэ - Хъызыру а зыракъым тетыр мы дунейм.

- Уа, дебгъэблэгъэну иджы? - щІопупщІэ тхьпльымпІэпс хъуржькн хьэлъэ зыІыгъуу къыІухьэжа Резуан.

- Мыбы ущыхэсгъэрей си гугъати, - догушыІэ абы Тимури.

- Мыбы япэ къэсыр щагъэхъэркъым. Зыгуэр къэгупсыс, Заур. Хэт вахтэм щысыр?

- Къуий тхьшэращ.

- Ар дауэ ухъу, уей, псори зэІыхьам, - жи Резуан.

- А лъагъуГуейм нэхъ бзаджэрэ нэхъ хьэбыршыбыпрэ диІэкъым, ауэ Тимур дауэ щІыбым къыздэнэн? Резуан, кІуэи угурыІуэфмэ, еплъ. Уэ нэхъ уи щІыкуГъэ хуэздащ ар.

- Хъунщ, тхьэ фысхуелъэІу, сокІуэ сэ. Заул дэкІуэу, къепэззэзэкІу къыщІокІыж.

- Сыт? - щІопущІэ и къуэшыр.

- А ажалым угурыІуэфхэ? Ахъши фади хуэзгъэлъэгъуати, зыри хэзгъакъым. «Хамэ лъэпкъ щІозгъэшэнукъым, уэри, сыкъэбгъэгубжьмэ, уцІэзгъэжьжьнукъым», - жиІэри, сыкъыщІигъэкІыжащ. ПІо иджы тщІэнур?

- ЩыІэщ Іэмал, - къыжьэдэлъэтащ Заур.

- Сыт хуэдэ?

- Мы япэ къатым и кІэ дыдэм, кІэлынДорым хэлъ щхьэгъубжэр пщІэжрэ? Абы гъущІ хэар Іулъкъым.

- Ар и кІуэцІымкІэ щымыгъэбыдауэ ущхьэхэт?

- Щыгъэбыдакъым, гъэмахуэр къызэрихьэрэ сыт щыгъуи дамэдзэу щытщ. ФынакІуэ абыкІэ.

Щхьэгъубжэ Іухамкі щІалитІыр допщри, замыгъэІэуэлъэуащэу, щхэуу дэкІуеипІэм хуаунэтІ. Заури, зыри щхьэмыхъуам ещхьу, общежитыбжэмкІэ щІохьэж.

- Алыхьым и шыкурщ, мыбы дыкъыщІыхьэжауэ тлъагъужащи, мазитІым щІигъащ мы пэшым си лъапэ къызэрыщІэзмышиерэ.

- УхуэзэщІа нэхьей, - ауан ещІ и ныбжьагъур Заур.

- НтІэ пэжкъэ? Уэрами ухуэззошнт, дуней хуабэ зэхъум шэмэджыр пІыгъыу губгъуэм уизгъэтамэ. Тимэ, щхьэ ущыт? Сумкэм упщІэжь и щхьэр кІыпхыуэр Іэнэм къытегъэувэ, еуэ, ущымыс.

Іэнэр къауэзэдащ. Тимур крушкІэхэм пивэ щІыІэр бжьэпэтезу кърегъахьэуэри, псоми зэщІыгъуу къаІэт. Заур фадэкІэ епрыщу щымытми, нобэ хьэуэ къыхиГьэкІыркъым. Ар Резуан сымэ зэриІуэгъуам и заКъуэтэкъым иджыпсту щІефэр, атІэ и губамПІэр игъэтІысыжу зэрищІари абы хэтт. Зыщысхьыжьхэр-къым. Мес, ещанэ пластмасс птулькІэшхуэри яухащ. Езыхэри къызэрыгъэжэнахэщи, нэжэгужагъэм къащегъэхъу зытет мы дуней псор я закъуэ хъахуэнауэ.

- Уа, Заур, сыноплъри, къыпщыщІар къысхуэщІэркъым. Сыт нобэ сырэ ефэрей ущІэхьуар? Зыри къытхуэбгъэнакъым, джаур?

- Зывэзгъэщхьу аращ, - погуфІыкІ, къэнэщхьыфІауэ.

- Дывгъэгъуэпъ, сыхьэтыр щым нэблэгъащ, - захуегъазэ мо тІум Тимур.

- Сыт, щІалэ, щхьэ укъытричрэ? Махуэ къэс мыпхуэдэу дызэрихьэлІэрэ хьэмэрэ уи жейра нэхъапэр?

- Абы жиІэр пэжщ, Резуан, уэи, дызэфари егъэлеяуэ къызэхьэлъэкІ хуэдэм. Пщэдей жьыуэ дыкъэтэджьи щыхуейкІэ, зыдгъэпсэхумэ, нэхъыфІщ.

- Фызэрегуакіуэщ, апхуэдизу щытевгъащІэкІэ, дывгъэщІ фэ зэрыжьфІэм хуэдэу. Тимэ Хьэрун и пІэр хуэтщІынщ. Сыт и хьэбар абы, зэззэмызэ къыкъуэкІрэ хьэмэрэ ари бзэха?

- Зэрэ тІэуэрэ къэпсэлъащ, иджыпсту тенджызэ ФІыцІэм щыІэу къыщІэкІынуц, кІуэнхуэдэурэ жиІат. Сэ сепсэлъэну хуэзщІри, зыпкъущІфырыкъым.

Я пІэжэр ящІыжри мэгъуэлъ. Заул докІри, Резуан и пырхъ макъ къоІу. Тимури мэжей. Заур и нэр унащхьэм тенауэ хэлъщ, зэгупсысышхуи щымыІэу. ЩІалэм нобэ къыжриІахэр и гум къокІыж. Пэжу, и адэу пІэрэ? Арауэ къыщІэкІми, къиІльыхъуапхъэ? Хуей ар абы?

Ауэ зэми и гум къыполъадэ, йохъуапсэ а лІыр кьигъуэту епсэлъыпІэну, нэгъуэщІ мыхъуми, іуэхур зытетыр къыщІэну.

Хелъафэ езыри хуэмурэ жей Іэфіым.

Пщэдджыжьым жьыуэ Заур къыщІэзщІыуам, и ныбжьэгъуэ кІэгъэджкІэт. Тимур иджыри зэрыхэлът. Резуан сыт щыгъуи и гъусэжэм нэхърэ нэхъ жьырыгтэджт. Ар щІалэ лъагэ, пІлаБгъуэ зэкІужт, и щхьэц фІыцІэм, и нэкІ къамылыфэм, нурыр зыщІэмыкІ и нэ нащхъуитІым хъыджэбзхэр дахьхьырт. Езыми лъэкІ къимыГьанэу, и къунтхьм къыфІэнэну ищІэ закъуэмэ, я ужьым къикІынытэкъым. Ася фІыуэ ильагъуми, и щІалагъэм и зэранкІэ, лъэныкъуэкІэ емыплъэжІкІи лъэкІыртэкъым.

- Фи пщэдджыжь фІыуэ, жьырытэджхэ! - ящІэнакІэу, захуигъэзащ абы и ныбжьэгъуэм.

- Сыт ауан дыкъыщІэпщІыр?

- Фыжеифкъым.

- Динэ узэрэ фи Іуэхур дэнэ нэса? - Зыхуигъэзащ Резуан зызытхъэщІыкъыщІыхьэжа и ныбжьэгъум.

- Дэнэ нэсын, сыкъигъэльеящ.

- Ар дапхуэдэу? КъысхуэІуатэт.

- НэгъуэщІ зыгуэр иІэу къызэиІащ.

- Эри, арати, ар уи фІэщ хуэри, укъэувыІэжащ, пэжкъэ? - «къыхупогуфІыкІ Резуан.

- НтІэ, сытыт сэ къысхуэнэжыр?

- УгъэщІэгъэунэщ уэ, щхьэ умыщІарэ абы занщІэу сыарэзыщ къызэрыбжьмыІэнэр? Сэ Ася къызэкІаухэм ятепщІыхьмэ, уэ ар къыпхуэІей хуэдэкъым, ауэ уи дежщ псори къыщІынэр.

- СщІэркъым, сыт хуэдэу сэ абы нэгъуэщІу сызэребгъэпсэльэнур, себгъэльэну?

- Хъыджэбз къыздэкъэжыкІэ пщІэркъым уэ зы щыкІу, уи гухэлъыр зэрыхуэпІуэтар дапхуэдэу, къызжеІэжьт!

- Сыт бжесІэнур, фІыуэ узолъагъу, жесІащ.

- Апхуэдэ дыдэуи? - дыхьэшхыурэ щІоупщІэ, и фІэщрэ гушыІэрэ къыпхуэмыщІэу.

- Абы гъащІэгъэунэн лъэпкъ хэлъкъым.

- Ауэ сытми хэлъ, уэ езым къыбгурымыІуэж щхьэкІэ. Абы тІэу-щэ ухуэзами аращ, а пщащэр фІыуэ зэрыпльагъур Іупщ щыпщІыну а псалъэ гъущэкъэр ирикъурыжьм.

- Ар псалъэ гъущэкъым.

- Зэ моуэ дыгъэпсалъэ, укъытримычу. Уэ зыми щымыщу къызэкъэуппхъуэту хуэпІуэта уи гухэлъыр абы и фІэщ мыхъуагъэнкІи хъунщ. Ялэрауэ, упІэщІэн хуеякъым. ЕтІуанэу, мы гъащІэр зэрызыхэпщІэр къэзгъэльагъэуэ кууэ цІыхухэм я зэхущытыкІэхэм, льагъунытэкъэм ухутепсэльхьэу, зыгуэркІи и гум уэзрыдыхьэным иужь уитын хуеящ. Уи псэм къыпкърыкІ хуабагъэри зыхебгъащІэ хуэзщ, удз гъэгъакІэ е кІэнфет сыт хуэдэхэмкІэ ухуэупсэн хуеящ. ИтІанэ, абыхэм ар хуэмыныкъуащэми, гуапагъэу аращи, гукъэкІ уэзрИпэм гу лъитэнт.

- НтІэ, сыт иджы щІэлэгъэ?

- Іэмал ящІ абы? Уэ псори зэІыбгъэхьащ. - Резуан и щхьэр ирехьэ, ауэ мо и ныбжьэгъур нэщхъей къызэрыхуам гу лъетэжри, пещэ: - Дахэ цІыкІум хуэдэу нобэ зыхуэбгъэззэнщи, уи жагъуэ сщІамэ, къыхуэгъэгъу, дызэфІэкІуэдыну сыхуейкІыж, аращморащ жьпІэрэ, ифІ зыкъыпшэжьщи, адэкІэ зэманым къигъэлъэгъуэнщ.

- Зыкъысхуигъэззэну ущыхьэт абы?

- Апхуэдэу хъуми, бзаджагъэ? ДыхуекІуэнщ, а уэ пщІэ Ася цІыкІур диІэу укъимыкІуэт, абы зыгуэр къедгъэгупсысынщ.

- Уэ бзаджжжьыр удимыІамэ, дэ дауэ дыхъунут?

- Хэт ищІэрэ, Динэншэу укъэзнэнкІи хъунт. Ауэ дэ дыпсэууэ, пщІэркъэ уэ ар зэрыпфІэмыкІынур?

- Хьарэзнащ, ауэ мо жейнащ къэгъэушын хуейщ. Дыдей щыІауэ фІэкІа ящІэркъым, адэ я къуажэмкІэ утІыпщыжьн хуейщ, сэри нобэ згъэззэжьнкъым, дызыпІылъэзм зэгъусэу захуэдгъэзэнщ.

(ХъыкІэлъыкІуэнущ.)

● Щапхъэ

Лу Руслан и къалэным полъэщ

Къэрал кІуэцІ органхэм я лэжьакІуэм и махуэм ирихьэлІэу фІыщІэ, хъуэхъу псалъэ дахэ куэд хужаІащ а ІэнатІэм я къару емыблэжу пэрытахэм, нобэ щІалэгъуалэм ядэлажьэ нэхъыжьхэм, иджыпсту къулыкъу зыщІэхэм.

МАХУЭШХУЭМ и цІэр яхъуэжурэ къекІуэкІами, полицэм и къалэнхэм зэи зихъуэжакъым, абыхэм цІыхухэмрэ къэралымрэ я мамыр гъащІэр яхъумэ.

ЦІыхухэм сыт щыгъуи къагъуэту, гъунэгъуу яІэщ я щІыпІэм хабзэр щызыхъумэ участковэхэр. Ар ІэщІагъэ нэхъ жьы дыдэхэм ящыщщ. Махуэ къэс жыхуаІэм хуэдэу щылажьэ щІыпІэр къызэхекІухь, цІыхухэм яхуозэ, ящІоупщІэ, лъэІукІэ, тхьэусыхэкІэ зыкъыхуэзыгъазэхэм защІегъакъуэ. Къуажэ, къалэ участковэм куэдкІэ елъытащ ар щылажьэ щІыпІэм мамырыгъэрэ зэгурыІуэрэ щыІэныр.

Илъэс къэс екІуэкІ "ЦІыхубэ участковэ" урысейпсо зэпеуэм 2020 гъэм республикэм къыбгъэдэкІыу хэта, финалым нэса, полицэм и уполномоченнэу Бахъсэн щІыналъэм участковэу щыІэ, лейтенант нэхъыжь Лу Руслан теухуащ мы тхыгъэр.

Руслан цІыху зэпІэзэрытщ, гъэсащ, и гуапагъэм занщІэу узыІэпешэ. Абы 2008 гъэ лъандэрэ къэрал кІуэцІ органхэм къулыкъу щещІэ, 2017 гъэм къыщыщІэдзауэ участковэу мэлажьэ. Абы лъандэрэ блэкІа пІалъэм жанхъуэтекъуэдэсхэм я деж пщІэшхуэ къыщилэжьащ.

Езыр къыщалъхуари а къуажэращ. И адэ-анэ Мухьэмэдрэ Светланэрэ быниплІ зэдапІащ. Мухьэмэд илъэс 42-рэ хъуауэ Бахъсэн лесничествэм щолажьэ, Светланэ унэгуащэщ.

Руслан зэрыжиІэмкІэ, адэ-анэм бын зэхэдз ямыІэу япІащ, езыр нэхъыщІэ пэтми, гулъытэ нэхъыбэ щыхуащІ щымыІэу псори зэхуэдэу ягъэсащ. ІэщІагъэ къыхахын хуей щыхъум адэ-анэм я чэнджэщи зэхахащ икІи зыкъыщІагъэкъуащ.

- Сэ къэзухар ди къуажэ школращ, иджыри къэс сигу илъщ абы дыщезыгъэджахэмрэ школ унафэщІымрэ, - игу къегъэкІыж Руслан. - СыщыцІыкІум патрульнэ машинэхэр хуабжьу сигу ирихьырт, итІанэ «Внимание! Всем постам!» художественнэ фильмым сеплъа нэужь, тезухуащ къэрал кІуэцІ органхэм сыхыхьэну. А фильмым хэт актёрхэм дахэу ягъэзэщІащ МВД-м и лэжьакІуэхэм я образхэр, цІыхур щыхуэныкъуэм деж псынщІэу нэсрэ дэІэпыкъуу зэрыщытыр екІуу къыщыгъэлъэгъуат. Абы щегъэжьауэ формэ сщыгъыу цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэсщІэным сыщІэхъуэпс хъуащ.

Школ нэужьым Руслан дзэм къулыкъу щищІащ Урысейм и МВД-м и къэрал кІуэцІыдзэхэм хэту. И хэку къигъэзэжа нэужь, и адэм дэІэпыкъуу хуежьащ, ауэ полицэу лэжьэным и гугъэр хихыртэкъым. А ІэнатІэм пэрыува нэужь, 2008 гъэм щегъэжьауэ къулыкъу зыбжанэ зэблихъуащ, 2017 гъэм Бахъсэн отделым участковэу ягъэкІуауэ абы щолажьэ, къыщалъхуа къуажэм сэбэп хуэхъуу.

Лум и еджэныр иджыри зэпигъэуакъым - и щІэныгъэм щыхегъахъуэ "Синергия"-м Москва щиІэ филиалым и юридическэ къудамэм. Лэжьыгъэм жыджэру зэрыпэрытым папщІэ Руслан мызэ-мытІэу ягъэпэжащ, «За доблесть в службе» медалыр, щІыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ.

- Сэ сыкъыщалъхуари сыщыпсэури Жанхъуэтекъуэщ. СымыцІыху зыри дэскъым, цІыху миным щІигъу си участкэм хиубыдэми. Балъкъэрыбзэр фІыуэ сощІэ. Махуэ къэс си щІыналъэр къызэхызокІухь, цІыхухэр зыгъэгузавэ щыІэмэ сыщІоупщІэ. Жэщ-махуэ иІэкъым си лэжьыгъэм, сытым деж и сыхьэзырщ къуажэдэсхэм садэІэпыкъуну, - жеІэ Руслан. - Си ІэщІагъэр хуабжьу сигу ирохь, нэгъуэщІ зыгуэркІэ схуэхъуэжынукъым. Участковэр цІыхухэм сыт и лъэныкъуэкІи ядэІэпыкъуну и къалэнщ. Сэ абы сытету солажьэ. Си адэ-анэр, си къуажэгъухэр къэзмыгъэукІытэу си Іуэху иужь сызэритыным сыхущІокъу.

2020 гъэм зэрыщІидзэрэ лейтенант нэхъыжь Лум щІэпхъаджагъэ Іуэхуу - 4 , хабзэр къызэпызыуд Іуэхуу 80 къыщІигъэщащ.

Къэрал кІуэцІ органхэм щолажьэ Руслан и шыпхъу нэхъыжьри. Куэд щІакъым Лум унагъуэ зэриухуэрэ. ЩІалэр хуабжьу хуэарэзыщ и адэ -анэм, и мурадхэр къызэрыдаІыгъым папщІэ.

Махуэшхуэхэм Лухэ я унагъуэр зэхуосыж. Мухьэмэдрэ Светланэрэ яІэщ я бынхэм зэрадэгуэшэни, я къуэрылъхупхъурылъхухэр зэрагъэгуфІэни.

ШЫПШ Даянэ.

● Гъуэгу къежьапІэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и ЩІалэгъуалэ советым и жэрдэмкІэ 2015 гъэм екІуэкІа «Илъэсым и ехъулІэныгъэ» зэхьэзэхуэм «IT технологиехэр» Іыхьэм щытекІуауэ щытащ Къармэ Астемыр. Иджы илъэсищ хъуауэ ар Африкэ Ипщэм щолажьэ, Йоханнесбург къалэм дэт AxxonSoft (ITV) ІуэхущІапІэм хьэрычэт ІэнатІэм зегъэужьыныцкІэ и унафэщІ къулыкъур къыщыхуагъэфэщауэ. ЩІалэщІэм и лэжьыгъэр зытеухуар шынагъуэншагъэм ехьэлІауэ программэхэр зэхэгъэувэнырщ.

КъБКъУ-р къиуха нэужь, (Урысейм и студент нэхъыфІхэм я зэпеуэм ехэнэ увыпІэр щиІыгъыу еджащ) Астемыр щылэжьэну хунэсащ КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм инвестицэ проектхэмкІэ и къудамэм. И егъэджакІуэу щыта Гъурф Ритэ зыкъыхуигъазэу, иджыпсту щылажьэ ІуэхущІапІэм ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэр къызэрилъыхъуэр къыщыжриІэм, ар арэзы хъуащ. Япэ зэманым абы и лэжьыгъэр Урысейм щыІэу зэфІигъэкІыу екІуэкІащ, итІанэ къыхуагъэлъэгъуащ Азием, КъухьэпІэм е Африкэм щыІэ къэралхэм щыщ зым менеджеру кІуэну.

- Африкэр щІыналъэ бэІутІэІуншэхэм зэращымыщыр гурыІуэгъуэщ, ауэ ар къыщІыхэсхар узэлэжьынрэ узыхущІэкъунрэ абы зэрыщыгъунэжырщ, - жеІэ Къармэм. - Мыбдеж шынагъуэншагъэр тэмэму къыщызэгъэпэщакъым. Махуэ къэс укІыгъэ 60-м нэблагъэ къыщохъу, машинэ щэ бжыгъэхэр ядыгъу, сабийхэм я гугъу умыщІыххи. Абы къыхэкІыу икъукІэ мыхьэнэ зиІэщ ди ІуэхущІапІэр зэлэжьыр. ЩІэпхъаджащІэхэр къагъуэтын щхьэкІэ дгъэув системэхэм щІэупщІэшхуэ щаІэщ. Апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ иІэщ щІэпхъаджагъэ ялэжьыныр къызэпыудыныр. Псалъэм папщІэ, щІэпхъаджагъэ зылэжьахэм я базэ щыІэщи, абыхэм ящыщ гуэр тыкуэн инхэм щІыхьауэ къыщІэкІмэ, ди программэм хъыбар ирегъащІэ полицэм.

Зы илъэсрэ ныкъуэрэ фІэкІа нэхъ дэмыкІыу Къармэ Астемыр къыхуагъэфэщащ щІыналъэм хьэрычэт Іуэхум зегъэужьынымкІэ и унафэщІ ІэнатІэр. Ар щылажьэ ІэнатІэм и Іуэхутхьэбзэхэр къэрал зэмылІэужьыгъуэ куэдым хэІущІыІу щыхъуащи, зэрызэдэлэжьэну зэгурыІуэныгъэхэм Іэ традзэн мурадкІэ щІэх-щІэхыурэ нэгъуэщІ щІыпІэхэм макІуэ. Мы гъэм ар щыІащ Лесотэ, Зимбабве, Замбие, Кение къэралхэм. Иджыри апхуэдэ ІуэхукІэ ахэр къэрали 10-м щІигъум кІуэн хуейуэ къапэщылъщ, зэкІэ коронавирусым и зэранкІэ къызэтрагъэувыІащи, къыкІэлъыкІуэ илъэсым ахэр зэфІагъэкІыну траухуащ.

Африкэм щыІэ адыгэ щІалэ

- Къэбгъэлъагъуэмэ, Африкэ Ипщэр щІагъуэу зызымыужьа щІыналъэщ, ауэ шынагъуэншэ къалэ куэд иІэ хъуащ, дуней псом зыщызыубгъуа «SPAR» сату ІуэхущІапІэм и къудамэхэри щыІэщ, - дыщегъэгъуазэ Астемыр. - Къиищынэмыщ-Іауэ, ди программэр къэзыгъэсэбэп, дыщэ, налкъутналмэс хуэдэхэр къыщыщІах шахтэ куэд дыдэ мыбы щыІэщ. Проект куэд щыдгъэзэщІащ. Иджыблагъэ «MTN» компанием дызэрыдэлэжьэну зэгурыІуэныгъэм Іэ щІэддзащ - ар Урысейм и «Ростелеком» ІуэхущІапІэм хуэдэу мобильнэ зэпыщІэныгъэхэр мыбдеж къыщызэзыгъэпэщ ІэнатІэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. Ахэр щІэх-щІэхыурэ гугъуехь хэтщ, зэпыщІэныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщ пкъохэм фІэдза гъущІыкІэ лъапІэхэр зэрадыгъум къыхэкІыу. Аращи, ди Іэмэпсымэхэр абыхэм щыдгъэува иужькІэ, а щІыпІэм зыгуэр гъунэгъу зэрыхуэхъуу полицэм и лэжьакІуэхэм е хъумакІуэхэм хъыбар ярегъащІэри, хабзэншагъэ ялэжьыну мурад яІэу вышкэхэм бгъэдыхьахэр яубыд.

Африкэм ущыпсэуну зэрыгугъур зым и дежкІи щэхукъым. Астемыр зэрыжиІэмкІэ, Къэбэрдей -Балъкъэрым къигъэзэжа нэужь, лы гъэгъуа килограмми 10-м нэс здехьри, адыгэ шхыныгъуэхэр щепщэфІ, абы и хэкум исыж хуэдэу къыщигъэхъуу жеІэ. Къармэр здэщыІэ щІыналъэм щІэпхъаджагъэ зылэжьхэр апхуэдизкІэ щыкуэдщи, хуиту лъэсу ущызекІуэ хъуркъым, пщыхьэщхьэм укъыдэмыкІми нэхъыфІщ - щхьэхуэныгъэ куэд хэлъщ Африкэм и гъащІэм. Къармэм къыхиха гъуэгур мытыншми, и мурадхэр и Іыхьлыхэм къызэрыдаІыгъым къару къыхелъхьэ. Илъэсищ ипэкІэ щІыналъэ нэхъ хуэмыщІа дыдэхэм ящыщт Астемыр здэкІуар, иджы абы жеІэ иужьрей илъэсым я ІуэхущІапІэм зэфІигъэкІар нэрылъагъу хъуауэ. ЗэкІэ абы и мурадкъым къыщалъхуа щІыналъэм къигъэзэжыну, сэбэп зэрыхъунум адэкІи хущІэкъунущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрми проект зыбжанэ абы щегъэзащІэ. ЦІыху мин 18-м щІигъум къагъэсэбэп хъуа «Скидки КБР» мобильнэ гуэдзэныр къэзыгупсысар Къармэращ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм нэхъ пуд щыхъуа путевкэхэр, акцэхэр абы къегъэлъагъуэ. НапэкІуэцІыр къыщызэІупхъкІэ нарт лІыхъужьым и теплъэр къытридзэу ищІащ. Зи гугъу тщІа Іуэхутхьэбзэхэм къищынэмыщІа, республикэм теухуа хъыбарыщІэхэм, дунейм и щытыкІэнум, нэгъуэщІ куэдми абдеж зыщыщыбгъэгъуэзэфынущ. Астемыр республикэм къыщихьа саугъэтымкІэ дунейм щыяпэу къызэригъэпэщащ зи нэм фІыуэ имылъагъухэм папщІэ Интернет сайтри.

- Уи Хэкум сэбэп ухуэхъун щхьэкІэ абы Іэмал имыІэу ущыІэн хуейуэ щыткъым иджырей зэманым. Нэхъыщхьэр апхуэдэ гукъыдэж уиІэнырщ. Ущыпсэуну дэнэт узыхуейр жаІэмэ, шэч хэмылъу, ар си лъахэращ, - жеІэ Астемыр. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр щІыналъэ цІыкІуу щытми, щІыдагъэ, газ фІыгъуэхэр бгъэдэмылъми, зыбужьын щхьэкІэ Іэмалхэр щыІэщ, узыщыгугъын хуейр уи къарурщ. Дэтхэнэми сыхьэт 24-рэ иІэщ зы жэщ-махуэм. НэхъыфІ узэрыхъунум уегупсысмэ, уи акъылыр абы теухуауэ щытмэ, зебгъэхъуэжыфынущ уи гъащІэм. Махуэ къэс узэупщІыжын хуейщ: Сыт нобэ сщІар нэхъыфІ сыхъун щхьэкІэ?

Тхылъ щхьэпэ зэпымыууэ еджэн хуейщ. Апхуэдэуи инджылызыбзэр зэгъэщІапхъэщ. Фи фІэщ фщІы, дызэплъэкІыжыну дыхунэсынукъым, апхуэдизкІэ щІэхыу нэгъуэщІыбзэр ди гъащІэм къыхыхьэнущи - ар умыщІэу ІэнатІэ уамыгъэуву къэкІуэнур зэрыхъунур хьэкъщ. АнэдэлъхубзэмкъищынэмыщІа, иджыри зы бзэ зэбгъэщІэхукІэ уи къэухьым хохъуэ. Зэманыр псынщІэу йожэкІри, щІалэгъуалэри нэхъ жыджэру щытын хуейуэ къызолъытэ - я Іуэху еплъыкІэхэр къагъэлъэгъуэфу, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэту, утыку къихьэфу. Ди зэманым ІэщІагъэншэу ущытыныр къезэгъыжыркъым. Апхуэдэуи цІыхум зэрызиІэт Іэмалхэм ящыщу къызолъытэ хамэ щІыпІэхэм я псэукІэм зыщигъэгъуэзэныр. Иджыпстурей зэманым хамэ къэрал куэдым еджакІуэ укІуэ мэхъу. Сэ къэрал куэдым сыщыІащ. Шэч хэмылъу, дунейм, цІыхухэм, нэгъуэщІ лъэпкъхэм ятеухуауэ куэд къэсщІащ, си еплъыкІэми зихъуэжащ, - дыщІегъу Къармэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Футбол

Бжыгъэр къахузэІухакъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - 0:0. Налшык. «Спартак» стадион. ЩэкІуэгъуэм и 14-м. ЦІыхуи 100 еплъащ.

Судьяхэр Фёдоров (Петрозаводск), Къуэшыкъуэ, Шипков (тІури Белореченск щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Антипов, КІэдыкІуей, Шумахуэ З., Тебэрды, Ольмезов, Бахъсэнокъуэ, Пащты, Багъэтыр (Джатэрывэ, 57), Іэпщацэ, Хьэшыр, ХъутІэ (Бацэ, 74).

«Мэшыкъуэ-КМВ»: Калюжный, Кабулов, Данилов, Алборов, Камболов (Карибов, 78), Жестков, Цакоев (Григорян, 90), Іэщын (Шумахуэ И., 69), Родин, Дулаев, Цыганов (Антонов, 90).

ТХЬЭМАХУЭ ипэкІэ «ТІуапсыр» бжыгъэшхуэкІэ зэрыхигъэщІам Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэххэм я гукъыдэжыр къиІэтами, къагурыІуэрт къызэрагъэпэщагъащІэу зэхьэзэхуэм иужь дыдэ увыпІэр щызыІыгъ командэмрэ зыкъом щІауэ къэралпсо утыку ит «Мэшыкъуэ-КМВ»-мрэ я къарукІэ зэхуэбгъадэ зэрымыхъунур. Шэч хэмылъу, псыхуабэдэсхэр нэхъ лъэрызехьэт икІи нэхъ ядэджэгугъуей хъунут. Абы ерыщу зыхуигъэхьэзырат «Спартак-Налшыкым» икІи хуейт мы гъэм иужьу ди къалащхьэм щригъэкІуэкІыну зэІущІэр къыдэщІхэм гукъинэж ящищІыну.

Налшыкдэсхэм, зэрахабзэу, ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщхэмкІэ къыщІадзащ. АрщхьэкІэ Псыхуабэ къикІахэр абы хуэхьэзыру къыщІэкІащ икІи ди щІалэхэр я гъуэм пэжыжьэу къызэтрагъэувыІэ хъуащ. Уеблэмэ, езыхэри ипэкІэ щыкІуатэ куэдрэ къэхъурт.

Апхуэдэу щыт пэтми, «Спартак-Налшыкым» мы зэІущІэм текІуэныгъэр щызыІэригъэхьэфын хуеящ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, зэм ди щІалэхэм я Іэзагъыр яхурикъуакъым, адрейхэм хьэщІэхэм я гъуащхьэтетхэмрэ гъуащхьэхъумэхэмрэ я насыпыр къатекІуащ. Хэгъэрейхэм къахуэсэбэпакъым джэгум и етІуанэ Іыхьэм къызэрырагъэхьар футболист Іэзэхэу Джатэрывэ Къазбэчрэ Бацэ Къантемыррэ. Арати, зэрытемыгъэкІуауэ икІи бжыгъэр къахузэІумыхауэ лъэныкъуэхэр зэбгъэдэкІыжащ. Къалэнышхуэхэр зэхьэзэхуэм щызимыІэ налшыкдэсхэми псыхуабэдэсхэми очко тІурытІ а зэІущІэм зэращыфІэкІуэдар я гум щІыхьэщауэ фэ ятеткъым.

Абы щыгъуэми джэгугъуэ блэкІам хьэлэмэт къыщыхъуащ. Зэхьэзэхуэр зэрыщІадзэрэ зыри зыпэмылъэща Мэхъэчкъалэ и «Легион Динамо»-р япэу къыхагъэщІащ. Ар зыхузэфІэкІар зэпеуэм бжьыпэр щызыІыгъ Павловскэм и «Кубань-Холдинг» командэращ. Пэжщ, абы папщІэ Краснодар крайм щыщ гупым хуабжьу гугъу зригъэхьын хуей хъуащ икІи икІэм-икІэжым очкоищ зыІэригъэхьащ. Армырамэ, и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэр къыщхьэщыкІынурэ, пашэныгъэр фІэкІуэд ынут. ЕтІуанэ увыпІэр зыІыгъ Краснодар и «Кубань»-р а махуэ дыдэм Дагъыстэным и къалащхьэм и щІыпІэ командэм ефІэкІащ зы топ закъуэ зэрыхудигъэкІам и фІыгъэкІэ.

«ЕсэнтІыгур» аргуэру тІыгум теІэбащ. И стадионым щыджэгужу абы и гъуэм жэуапыншэу топи 8 къыдигъэкІащ Дон Іус Ростов къикІа СКА-м. Армырами, къыкІэрыхухэм яхэт есэнтІыгудэсхэм а Іуэхугъуэр удын хьэлъэ зэрахуэхъуам шэч хэлъкъым. Турнир таблицэм абыхэм къащылъэщІыхьэжащ Ставрополь щыІэу текІуа Черкесск и «Интер»-р. Хэт ищІэн, ди къуэшхэм а ехъулІэныгъэр яхуэугъурлынкІэ хъунщ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ итыкІэ иужьу зэхэта джэгугъуэм къэрикІуа бжыгъэхэм: «**ЕсэнтІыгу**» (ЕсэнтІыгу) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **0:8**, «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - «**ТІуапсы**» (ТІуапсы) - **1:0**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **3:1**, «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Кубань**» (Краснодар) - **0:1**, «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - «**Легион Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - **2:1**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Интер**» (Черкесск) - **0:1**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Форте**» (Таганрог) - **1:0**.

Мы гъэм и кІэух джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» щэкІуэгъуэм и 21-м иригъэкІуэкІынущ. А махуэм ди щІалэхэр Таганрог къалэм щыІущІэнущ абы и «Форте» командэм.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020-2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщек1уэк1ыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Кубань-Холдинг»	**15**	**11**	**2**	**2**	**29-10**	**35**
2. «Кубань»	15	11	1	3	37-15	34
3. «Легион Динамо»	15	9	5	1	33-9	32
4. «Черноморец»	14	9	2	3	20-9	29
5. СКА	14	9	1	4	33-15	28
6. «Анжи»	14	7	4	3	24-15	25
7. «Спартак-Налшык»	**14**	**6**	**4**	**4**	**23-17**	**22**
8. «Форте»	14	5	3	6	23-16	18
9. «Мэшыкъуэ-КМВ»	14	5	3	6	19-23	18
10. «Динамо-Ставрополь»	14	5	2	7	18-19	17
11. «Мэхъэчкъалэ»	14	4	3	7	16-24	15
12. «Дружба»	14	4	3	7	16-31	15
13. «Биолог-Новокубанск»	14	4	2	8	23-27	14
14. «Краснодар-3»	14	4	2	8	19-28	14
15. «ЕсэнтІыгу»	15	3	2	10	17-38	11
16. «Интер»	14	3	2	9	14-37	11
17. «ТІуапсы»	**14**	**1**	**1**	**12**	**16-47**	**4**

Урысейм ис лъэпкъхэм я литературэ

ЩэкІуэгъуэм и 3-м «Урысейр – нобэ» хъыбарегъащІэ агентствэм и ІуэхущІапІэм щекІуэкІащ «Урысейм ис лъэпкъхэм я литературэ» антологием и лъэтеувэр. Иджы тхылъ еплІанэ утыку къизыхьа проектым и мыгъэрей къыдэкІыгъуэр драматургием хухахащ. Пьесэ 72-рэ зэрыхуа тхылъым ирагъэуващ Урысейм ис лъэпкъ 40-м къыхэкІа тхакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр. Хуабжьу дыщогуфІыкІ зи гугъу тщІы антологием адыгэ усакІуэ-драматургхэу ІутІыж Борис, Шыд Юрий, Къаныкъуэ Заринэ, Бемырзэ Зураб сымэ я тхыгъэхэр зэрихуам.

«ЩІЫНАЛЪЭ щхьэхуэхэм щыщ тхакІуэхэм я фІыгъэкІэ дэ Іэмал догъуэт ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я псэукІэм щыгъуазэ зытщІыну, абыхэм я тхыдэр зэрызэфІэува щІыкІэр къэтщІэну, - жиІащ презентацэм къыщыпсэлъа, ГИТИС-м и режиссёр Заславский Игорь. - Дэ иджыри дыщІохъуэпс абыхэм я зэхуаку теле-лъэмыжхэр щызэпрытшу, а щІыналъэхэм щатха пьесэхэм студентхэр къедгъаджэурэ цІыхухэм зэхедгъэхыну. Ди къэралым щыщ тхакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІа а тхыгъэхэр дэІэпыкъуэгъушхуэ яхуэхъунущ бгъэув хъуну пьесэхэр къызэмэщІэкІ лъэпкъ театрхэми».

Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлІэу, «Урысейм ис лъэпкъхэм я литературэ» проектым и къызэгъэпэщакІуэ гупым Президентым и саугъэтыр иратащ.

«Президентым и саугъэтыр яхуэфащэ дыдэу зрата ди къызэгъэпэщакІуэхэм сохъуэхъу, - щыжиІащ интернет ІэмалкІэ ирагъэкІуэкІа зэІущІэм Къаныкъуэ Заринэ. - Иужьрей илъэс тІощІ-щэщІым мыбы хуэбгъэдэн Іуэху зэфІэхыкІэ си нэгу зэрыщІэмыкІамкІи щыхьэту сыкъоув. И зыубгъукІэкІи, и зэфІэхыкІэкІи, зрагъэувэ жыпхъэмкІи Іуэху нэгъэсакІэ узэджэфын проектым и лэжьыгъэр тхылъыр къызэрыдэкІым деж щиухыркъым, тхакІуэхэр фестивалым щызэхуешэсри, зэпсэлъэну, зэрыцІыхуну Іэмал ярет. Адыгэхэм ещхьу, зи бзэр кІуэдыжхэм хабжэ лъэпкъхэм я дежкІэ абы и уасэр къыпхуэмылъытэнщ».

Щхьэж утыку кърихьа и пьесэм тепсэлъыхьыну Іэмал щратым, я псалъэхэр зэпэджэжрэ зы лъэпкъ къызэрыбгъэдэкІар наІуэу, екІуу икІи купщІафІэу я гупсысэхэр утыку кърахьащ зыми щІэрыщІэу къегъэцІыхужын хуэмей адыгэ лІыкІуэхэм.

Антологием ихуа езым и пьесэм тепсэлъыхьыным ипэ къихуэу, Къаныкъуэ Заринэ и гугъу ищІащ адыгэ драматургием и лъабжьэр зыгъэтІылъа Шортэн Аскэрбии, драмэри, комедиери, трагедиери зэхуэдэу къызэхъулІэу щыта ІутІыж Бориси. КъызэрыщІэкІымкІэ, антологием ихуащ Борис и «Кушыкупщ» пьесэр, Шортэным ейр проектым и сайтым кърalъхьэну я мурадщ.

«Мы антологиер къызэрыдэкІыр щІыналъэ пхыдзахэм бэуапІэ щызымыгъуэт лъэпкъ литературэхэм я дежкІэ дэІэпыкъуэгъушхуэщ, - дахэу иришэжащ Бемырзэ Зураб и псалъэри. - Литературэм зыщІэгъэкъуэн зэрыхуеим утепсэлъыхьмэ, псом хуэмыдэу ар хуэфащэщ лъэпкъ щхьэхуэхэм я драматургием. Ар лъэпкъ театрхэм япыщІа зэпытщи, зым удэІэпыкъумэ, адрейми сэбэп ухуохъу».

«Сэ си лэжьыгъэм и гугъу сщІымэ, - къыпищащ Зураб, - ар шэрджэс хъыбархэм къыхэзыкІа тхыгъэу аращ. Шэрджэс хъыбархэр щыжысІэкІэ, абы къызэщІызогъэубыдэ нобэ КъБР-м ис къэбэрдейхэри, КъШР-м щыщ шэрджэсхэри, Адыгэ республикэм ис адыгэхэри, Краснодар щыпсэу шапсыгъхэри. Адыгэ-шэрджэсхэр псори зы лъэпкъым дыщыщщ. Ди бзэри, ди ІуэрыІуатэри, ди блэкІари, ди нобэри, ди пщэдейри зыщ».

ГъэщІэгъуэну мы Іуэхум нэгум щІигъэкІыр сыт жыпІэмэ, «анэдэлъхубзэкІэ фытхэ» жытІэу хэдгъэзыхь ди усакІуэ-драматургхэм я лэжьыгъэхэм гъуэгу ягъуэтын папщІэ, езыхэр урысыбзэкІэ зыдэІэпыкъужын хуей зэрыхъум

щыхьэт узэрытехъуэрщ. БгъэдыхьэпІэ зыхуэдмыгъуэтыххэм язщ литературэм елэжь ІуэхущІапІэхэр бзитІу зэрызэгуэтым къыхэкІыу, анэдэлъхубзэ щхьэхуэр зыузэщІыпІэ зэримыхуэр. Ара къыщІэкІынщ и щхьэусыгъуэр лъэхъэнэм дэбгъуэн щыщымыІэм дежи, лъэпкъ литературэм и зыужьыныгъэр уней къалэну къызэрынэм.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр КъАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ Лъхукъуэщауэ Хьэбас Мухьэмэд и къуэм хуогузавэ абы и къуэш **Сэбаншы Хьэутий Хьэчим и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкІыу.

КъБР-м Коронавирусым кІэлъыплъынымкІэ и оперативнэ штабым къет

2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 16-м ирихьэлІэу

Узыр япкърытрэ япкърымытрэ къахутэну тест зрагъэтахэм я бжыгъэр - 264.848-рэ

Сымаджэ хъуауэ ятхахэр - 11.450-рэ

Иужьрей жэщ-махуэм къриубыдэу къахутахэр - 88-рэ

Сымаджэщхэм щІэлъхэр - 1.561-рэ

Реанимацэм щІэлъхэр - 88-рэ

Хъужахэр - 8.298-рэ

Вирусым и зэранкІэ дунейм ехыжахэр - 181-рэ

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщІ Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ

12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ЩхьэщэмыщІ Изэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.000 ● Заказ №2424